ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№78 (24.204) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ПУТИН Владимир: Псори зыхуэунэтІар цІыхухэм я узыншагъэр, гъащІэр хъумэнырщ, псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ

● Къэрал Іуэху

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ, мэкъуаугъуэм и 30-м, теленэтын занщІэмкІэ жэуап яритащ ди къэралым и цІыхухэм кърата упщІэхэм. УФ-м и «Лпэ», «Россия 1», НТВ, «Мир» канал нэхъыщІэхэм кІыІэграгъэпэща теленэтын занщІэм щІидзэн ипэ редакцэхэм къагъэхьа упщІэхэм я бжыгъэр мелуанитІым нэсат. Ахэр къэрал Іэтащхьэм къыхуагъэхьыжащ къэпсалъэурэ ирагъэтхаурэ, телефонхэм хэт SMS, MMS Іэмалхэр къагъэсэбэпу, «Москва-Путину» сайтымкІэ, Интернетым щы Іэ «Вконтакте», «Одноклассники», нэгъуэщІ социальнэ гупхэм иралъхьэурэ. Нэтын занщІэр ирагъэкІуэкІащ ди къэралым и тележурналист цІэрыІуэхэу Березовская Екатеринэрэ и Аскер-заде Наилярэ. Колл-центрым щы лэжьащ Ремезовэ Татьянэрэ Юрьевэ Натальерэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, зи гугъу тщІы эфир занщІэм хуэдэ (18-нэу мы гъэм ар йокІуэкІ) нэгъабэ щитъэлажьэм къэралым и Іэтащхьэм, коронавирус уз зэрыцІалэ пІэужьыгъуэщІэр ди хэкуми къэсауэ зэрыщытам папщІэ. Президентым цІыху нэхъыбэм и упщІэм жэуап яритыну хущІэкъуащ. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, сыхьэти 4-м къриубыдау ар тепсэлъыхьыфащ гъэщІэн и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым - упщІэ 80-м нэс. Абыхэм къахэбгъэщхьэхуІ хъунущ коронавирусымрэ абы зыщІихъумэным хуэщІа вакцинэхэмрэ ехьэлІаХэр. Апхуэдэу цІыхухэр егъэпІейтей медицинэ Іэнатіэм щыІэфІах Іэхутхъбзэкъэм я фІагъыи, хущхъуэхэр пщІэнщэу тыным, псэупІэ унэхэр ухуэным епхаэхэм.

Мыгъэрей «зэІущІэр» щытыкІэщІэм иту къэзрагъэпэщащ. Абы къарагъэблагъакъым Іэщ ІагъэлІхэр, еджагъэшхуэхэр, политикхэр. УпщІэхэм я нэхъыбэр ешІэ Іэтащхьэм къыхихащ, нэтынкІэ езыгъэжІуэкІхэр и дзэпкъуэгъуэу.

Вакцинэхэр хэлъхьэныр Іэмалыншэу щытрэ щхьэж зэрыхуейуэ ищІынрэ Іуэхум щытепсэлъыхьыным, Путиным жиІащ цІыхухэм уз зэрыцІалэм пэщІэтын мастэхэр зыхуагъэлъхьэныр ди къэралым 1998 гъэм къыщыдэкІауэ щыта «УФ-м щыпсэухэр уз зэрыцІалэхэм зэрыщыхъумэн хуейм теухуауэ» хабзэм тетыныр зэрыфІэтэмыцІ къитІасэу зэрящытыр. Абы къызэрыщыгъэлъагъуауэ, цІыхубэм Іэмал имыІэу халъхьэн хуей вакцинэхэр щыІэщ. Абы храгъэубыдакъым коронавирусым зыщыхъумэным хуэщІа мастэр. АтІэми, щытыкІэр шынагъуэ хъурэ, узыфэ зэрыцІалэм зиубгъумэ, а хабзэ дыдэм зэритымкІэ, мастэ хэлъхьэныр Іэмалыншэ мэхъу хэт и дежкІи. Апхуэдэ щытыкІэ щыщыІэщ ди къэралым хьыхь языныкъуэ щыІнатІэхэм. А щІынальхэм зэрыщаубзыхуам ипкъ иткІэ, Іэмал имыІэу мастэхэр зыхрагъэлъхьэпхъэщ медицинэ лэжьакІуэхэм, цІыхухэм, псом хэмыдагъэ сабийхэм ядэлажьэхэм, нэгъуэщІхэми.

Путиным зэрыжиІамкІэ, езыми зыхригъэлъхьащ Спутник V вакцинэр, адрейхэми чэнджэщ яритащ апхуэдэ щыкІэкІэ коронавирус уз зэрыцІалэ лІэужьыгъуэщІэм зыщащхъумэну.

- Дэ дрогушхуэ икІи фропагэ узыфэ хьэлъэу дызытепсэлъыхьым цІыхур щыІэныкъуэмэфыи вакцинэ лІэужьыгуилІ ди щІэныгъэлІэхэм зэман кІэщІым къуибыдэу къызэрагупсаум, ахэр къыдагъэкІыу зэрыхуежьам, - кІыхьигъэщащ абы. - Псори фыкъыхуэоджэ абыхэм ящыщ зыхеягъэлъхьэну. Псори зыгъэщІыжьыхьыжар цІыхубэм я узыншагъэр, гъащІэр хъума хъунырщ.

Къэралым и Президентым ирата упщІэхэм ящыщт Урысей Федерацэр хамэ къэралхэм зэрахущытыр, ядригъэкІуэкІ политикэр зыубзыхуэхэр. Путиным хэхуэу тепсэлъыхьащ цІыхухэм уз зэрыцІалэм пэщІэтын мастэхэр зыхуагъэлъхьэныр ди къэралым 1998 гъэм къыщыдэкІауэ щыта «УФ-м щыпсэухэр уз зэрыцІалэхэм зэрыщыхъумэн хуейм теухуауэ» хабзэм тетыныр зэрыфІэтэмыцІ къитІасэу зэрящытыр. Абы къызэрыщыгъэлъагъуауэ, цІыхубэм Іэмал имыІэу халъхьэн хуей вакцинэхэр щыІэщ. Абы храгъэубыдакъым коронавирусым зыщыхъумэным хуэщІа мастэр. АтІэми, щытыкІэр шынагъуэ хъурэ, узыфэ зэрыцІалэм зиубгъумэ, а хабзэ дыдэм зэритымкІэ, мастэ хэлъхьэныр Іэмалыншэ мэхъу хэт и дежкІи. Апхуэдэ щытыкІэ щыщыІэщ ди къэралым хьыхь языныкъуэ щыІнатІэхэм. А щІынальхэм зэрыщаубзыхуам ипкъ иткІэ, Іэмал имыІэу мастэхэр зыхрагъэлъхьэпхъэщ медицинэ лэжьакІуэхэм, цІыхухэм, псом хэмыдагъэ сабийхэм ядэлажьэхэм, нэгъуэщІхэми.

Путиным зэрыжиІамкІэ, езыми зыхригъэлъхьащ Спутник V вакцинэр, адрейхэми чэнджэщ яритащ апхуэдэ щыкІэкІэ коронавирус уз зэрыцІалэ лІэужьыгъуэщІэм зыщащхъумэну.

«Лжьыгъэм и ветеран» цІэ лъапІэм щхьэкІэ ят хабзэ ахъшэр зэрыІуахьжамкІэ мыарзэшыу Путиным зыкъыпызыщІа цІыхухъм къэрал унафэщІым ирита жэуапым гугъэ уегъэщІ апхуэдэ ІуэхугъэкІэм щІынальхэм фІыкІэ зыщрагъэхъужьыну. ЦІыхум хьилэжьа пщІэр апхуэдэу Іэщ Іэжьыжьынир тэмэму къызэримыльытэри къыхихъщащ абы.

Теленэтын занщІэм нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми щытепсэлъыхьащ, Зэпсэльэныгъэм жьыджру хэтащ цІыхухъухэри бэылъхуагъэхэри, къулыкъущІэхэри Іэщ ІагъэлІхэри, лэжьакІуэжьхэри унэгуащэхэри, балигъэри ныбжьыщІэхэри. Къэралым хьыхь зыщІынальэ куэдым щыпсэуэм Іэмал ягъуэтащ ар жьэ хуэзэу Унафэщ Іым епсэльэну, я гукъеуэхэр хуаІуэтэну. УпщІэхэр екъэлІат фэтэрхэр, уней унэхэр щэн-къэщэхуным епха хабзэхэм, къэралым Интернетым нэхъри зыщегъэжьыныжьрэ абы хэлъ щхьэхуэзыгъэхэмрэ, 2021 - 2022 гъэ еджагъуэщІэр зэрыщІадзэжьыну щІыкІэм, хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ икУ итымрэ зэрызегъэужьыкъпхъэ мардэхэмрэ абыхэм ящыщ кІэрат кредитхэм техуэ процентхэмрэ я куэдагъыимрэ, хэку туризмым и лъапІагъыим, къэралым гъэзугъэм я щытыкІэм, транспортым и лэжьакІэм коронавирусым зыщІигубгъуэ лъэхъэнэм къэралым и экономикэ Іэнатіэхэм яІа хэщІынигъэхэмрэ ахэр зытеувэжьи папщІэ къэралым ярита дэІэпыкъуныгъэмрэ. КъаІэтащ псэупІэ унэхэм, лъапсэхэм, цІыху куэд зыхэт уней хозяйствэ зэгухьэныгъэхэм газ бэлъэІэлунщэу ешІэпІэным, коммунальнэ Іэхутхъбзэхэм щІат ахъшэхэм хэхъуэ зэпыту, абыхэм куэд зэрыпэмылъэщым, бын зыпІ унагъуэхэм иратыну къэралым щагъэува ахъшэхэр тэмэму зэрамытым, нэгъуэщІ Іэхухэмэ ехьэлІа упщІэхэр. КъыхэгъэщІыкІыжащ щытепсэлъыхьэм ихуа бзылъхугъэ уэндэгъуэхэм нобэ, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІадзауэ, ахъшэ хэхахэр зэрыратынур. Путиным зэрыжиІамкІэ, къэралым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ, щІэблэ узынщэ къытщІэхъуэным хуэгъэпсэ а Іуэхум мы гъэм и закъуэ хухахащ сом мелард 46-м щІигъу.

Къэралым щыпсэуэхэм ящыщ куэд зыгъэгузавэхэм ящыщщ телефонкІэ финанс щІэпхьаджагъэхэр зылэжь цІыху икІэхэм зэфІэхъэгъащІагъэхэр. Зи хьумалІэ картэхэм ахъшэхэр икІуэдыкІэр куэд мэхъури, дапщэщи сакъын зэрыхуейр къыхигъащІащ Путиным. УФ-м щыщыІэ хабзэхэм япкъ иткІэ, МВД-м, ЦБ-м кьепхэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я Іэщ ІагъэлІхэр нэхъ ткІийуэ кІэпыпІыу хуэжьащ банкым щахъумэ мылькур зейхэм зэрызэрагъакІуэм, дзыхь зытрамыщІэ гуэр щыІэмэ, занщІэу Іуэху ящІу.

- Мыпхуэдэ зэІущІэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ цІыхухэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр нэхъ наІуэ къэщІынымкІэ, сыту жыпІэмэ абыхэм епхауэ щытщ ди къэралым щекІуэкІ социальнэ, экономикэ политикэр, - жиІащ эфир занщІэм и кІэухыу Путин Владимир. - Мы жьыпхъэм ит іажьыгъэм гупытэ хэха хуащІыну сыхуейщІ УФ-м хьыхь зыщІынальхэм я Іэтащхьэхэм. Апхуэдэущ къызэрытухущІэнур жылагъуэм щызекІуэ гупсысэхэр, мурадхэр, унафэщІхэр дызэлэжьыпхъэ унэтІыныгъэхэр.

Теленэтын занщІэм и кІэухым Путин Владимир фІыщІэ яхуищІащ Іуэхум хэта псомкІи: студиенэ щыІэжьыхьэми, упщІэхэр зытха, абыхэм елэжьа волонтёрхэми, лажьыгъэм къыхьыха Іэщ ІагъэлІхэми.

- Жэуап зэста упщІэхэр куэд хъуми, ящэнаэхэр нэхъыбэжщ. Ауэ, фи фІэщ фщІы, зы упщІи лъэныкъуэгъэзу къэнэнукъым, дэтхэнэми гупытэ яГуэтынущ. УпщІэу къытІэрыхьахэм ящыщу мин 500-м щигъум жэуап еттакІэщ, Іуэху гуэрхэри зэфІэкІащ, адрейхэми дыхэпІэнущ, зэпхърытхынущ, Правительствэр абыхэм елэжьынущ. ФІым дыщыгугъэщІу, къэралым щызекІуэ хабзэхэм демыбакъуэу дызэрыпсэунум дэтхэнэри дыхущІэкъун хуейщ, - жиІащ къэрал унафэщІым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жылаосэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Жылаосэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыгъэхьа тхыгъэм (№20-3/1-4611-м щІэту 2021 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м кьыдигъэкІам) хэплъауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 8-нэ статьям и пункт 22-м, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и Уставым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м къыдигъэкІа Унафэ №1325-П-П-мкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыдигъэкІа унафэ №224-рп-мкІэ къащтам, и пункт 6.1-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Жылаосэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэн.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м
№331-П-П

Конаков Хьэсэн Азрэт и къуэр «Заман» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Конаков Хьэсэн Азрэт и къуэр «Заман» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыгъэхьа тхыгъэм (№20-3/1-4610-м щІэту 2021 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м кьыдигъэкІам) хэплъауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 8-нэ статьям и пункт 22-м, «Заман» газетым и редакцэм и Уставым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м къыдигъэкІа Унафэ №1325-П-П-мкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыдигъэкІа унафэ №224-рп-мкІэ къащтам, и пункт 6.1-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Конаков Хьэсэн Азрэт и къуэр «Заман» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъум гъэувыным арэзы техуэн.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м
№332-П-П

● КъБР-м и Парламентым

Гъатхэ лэжьэгъуэр зэхуащІыж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ мэкъуаугъуэм и 29-м гъатхэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэІущІэр иригъэкІуэкІащ.

ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и сенатор - Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ **Ульбашев Мухьэрбий**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай** сымэ.

Депутатхэр арэзы техуауэ Налшык суд Іэхущ Іапі э №7-м зэзыгъэкІуж хеящІэм и кІуалыкъым Тембот Мухьэмэзд ягъэувыну къызэрагъэлъэгъуам. КъищІынэмыщІауэ, Хьэщ Іэлі Славэ щхьэщахащ КъБР-м Къэзыщыгъэ-къзэзыбж и палатэм и аудитор Іэнатіэр.

ЗэІущІэм щыдаІыгъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъур Жылаосэ Заурбэч, «Заман» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къулыкъур Конаков Хьэсэн зэрыхуагъэлъэгъуар.

Абыхэм **Егоровэ Татьянэ** ехьэухуэн и пэ, фІыщІэ псалъэхэр яхужиІащ республикэ газетитІым илъэс куэдкІэ я редактор нэхъыщІхьэу лэжьа ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ Аттаев Жэмалрэ. «Республикэм и зэман нэхъ гугъуэм ХьэфІыцІэ Мухьэмадрэ Аттаев Жэмалрэ яхуэфІэкІащ пІэлъкъ газетитІым я къалэнхэр зыхуей хуэзауэ зыкъэзрагъэпэщыну, уеблэмэ зрагъэужьыну. Абыхэм зэфІагъэува лъабжьэр яхъумэну, нэхъыбэжьым хунэсыну дохъуэхъу Жылаосэ Заурбэчрэ Конаков Хьэсэнрэ», - жиІащ Егоровэм. Депутатхэм кьабгъэдэкІыу кьулыкъу зыхуагъэфащащэм ехьэухьауащ Пащты Бориси.

ЗэІущІэм ещанэ еджагъуэу депутатхэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хальхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэр зехьэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мэлбахъуэ Борис** жиІащ КъБР-м и Парламентым и нэІэм щІэту а дэфтэрым мази 4-кІэ зэрелэжьар Іэхущ Іапі э зыбжанэм я лІыкІуэхэр зыхэта лэжьакІуэ гупыр.

Депутатхэр хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2021, 2022, 2023 гъэхэм тещІыхьауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м и Парламентым и

НаркотикхэкІхэм пэщІэтхэр зочэнджэщ

КЪБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ еБэныным и дунейпсо махуэм теухуа зэІуІэщІэ.

АБЫ ХЭТАЩ Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іэхэхуэмкіэ министру щыІэ, полицэм и генерал-майор **Павлов Василий**, КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**, КЪБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэхуэмкіэ и министр **Езауэ Анзор**, КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, къэрал кІуэцІ Іэхэхуэмкіэ органэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІуцІэм къыщыхагъэщащ Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ еБэныным и дунейпсо махуэр, мэкъуауэгъуэм и 26-р, 1987 гъэм зэрагъэувар афаинэкІхэр зэхъэлІэным, щэным пэщІэт зэгухьэныгъэхэр зэкъуэгъэувэным, зэдзэгъэлэжьным теухуауэ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ящыгъуу, а махуэм ирихьэлІэу иregъэкІуэкІ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр наркотикыншэу» Іэхэур. Абы хохьэ наркотикхэр емыгъэщэным теухуауэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ хабзэхъуэм органхэм дзыхь хуащІыным, ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ наркотикым пэІэщІэным хуэущиныным, афаинэкІхэм епха щІэпхьаджагъэхэм ехьэлІа гугъуехьхэм цІыхухэм гу лъегъэтэныжмкІэ зэфІах псори.

Мы зэІуцІэми къыщыхагъэщащ наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ къару зэгъэуІуакІэ фІэкІ уэрэпэмылъэщынур.

Министр Павлов Василий тепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэр наркотикхэкІхэм зэрыпэщІэт щыкІэм. Абы фІыщІэ яхуищІащ наркоманиемкІэ профилактикэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІ волонтёрхэм, къохигъэщащ мы Іэхэур зи кьалэнхэм хьхьэ министерствэхэм мы лэжьыгъэм хуащІ хэлъхьэныгъэр.

- Унагъуэм наркотикхэкІ зэзыхьэлІэ цІыху щІэсмэ, ар гуаузкІэ иухынущ, гуавэщІэхами унагъуэр бэлыхь хэхуэнущ. КЪБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІ наркотикхэм яІэ щІэупщІэр гъэмэщІэным ехьэлІа Іэзэхуэр. Ахэр къызэрыдахьулІэм ельытащ республикэм щыпсэухэм я узыншагъэр зэрефІэкІуэнур, наркотик зэхьэлІэным кьрикІуэ мыхъумыщІагъэхэр зэрытхуэгъэмэщІэнур. А лэжьыгъэм гудзакъэ зэрыхувиІэр щытлъагъэкІэ, ди фІэщ мэхъу, ди республикэм и мызакъуэу, зэрыщыту къэралыр узыщыгугъэ хъунухэм я ІэмышІэ зэриІыр! - жиІащ министрым.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаэзм, Тату Къазбэч къыхигъэщащ наркотикым пэщІэту республикэм щрагъэкІуэкІ Іэхэухэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр икІи фІыщІэ яхуищІащ а лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІ щІалэгъуалэ организацэхэм я лІыкІуэхэм.

- Фэ жьлагъуэм и фІыпІэу фыкъалъытэ, мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ хьэрэмыгъэншэу ивогъэкІуэкІ, цІыхухэм я гугъуехьхэр зыхъывощІэ. Абы папщІэ фІыщІэ фхуэощІ, - жиІащ Тату Къазбэч.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Езауэ Анзоррэ Къалэбатэ Рустамрэ. Абыхэми жаІащ наркоманиер жылагъуэ Іэхэушхуэу зэрыщытыр. МВД-м и лэжьакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ наркотикхэкІ зыщэкэ къыщІэгъэщыным, щІалэгъуалэр наркотикым пэІэщІэ щыным ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІым папщІэ.

ЗэІущІэр Іуэху гуапэкІэ иухащ. Наркомание профилактикэ Іэхэухэр кьыщІэгъэпэщыным теухуауэ къаззэрыдлажьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр гъэсэным жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ КЪБР-м щыІэ МВД-м и щІыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ министерствэ, ведомствэ, жылагъуэ организацэ зэмылІэужьыгъуэхэм, щІалэгъуалэ зэщІэхьеныгъэхэм я лІыкІуэхэм, волонтёрхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Ди махуэгъэпс

Экономистым и махуэ

Урысей Федерацэм Экономистым и махуэр бадзэуэгъуэм и 30-м щагъэлъапІэ. И зэфІэгъэувэкІэ хъуар ирапх 1917 гъэм, а пІалъэ дыдэм ирихьэлІэу, ди къэралым Финансэмкіэ цІыхубэ комиссариат къызэрыщызэрагъэпэщауэ щытам.

«ЭКОНОМИКЭ» - мыр алыдж псалъэщ, къикІыу трагъахуэри «унагъуэр тэмэму зехьэн» жьхуиІэрщ. Ящ дыдэу къагъэсэбэпын щыщІадзар, зэрыхуагъэфащэмкІэ, ди эрэм ипэкІэ IV лІэщІыгъуэм икуэрщ. Лъэхьэнэ жьыкьэхэм псэуахэм, дызэрыщыгуазэщи, унагъуэр зехьэным, ящ ехьэда лъапсэр зыхуей хуэгъэзэным мыхьэнэ ин дыдэ ирагъащІащ.

Ауэрэ, цІыхухэм нэгъуэщІ кьалэнхэри зыхуагъэувыжк хуащІ, ахэр зэгъэхъуІэным пыщІа Іэмалхэми лъыхъуэн щІадзащ. Апхуэдэу, XVI лІэщІыгъуэр здэкІуэкІым, Европэм щыІэ къэралхэм къыщыунэхуащ экономикэм щыхуагъасэ еджапІэ зыбжанэ. Ильэсищэхэр блэкІри, цІыхубэ хозяйствэм зыкъиІэтащ, производствэмрэ хьэрычэтымрэ нэхъри зэтеуващ, псэуныгъэм пыщІа Іэхэухэм заужьу щІадзащ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, мы махуэр здагъэлъапІэ предприятэхэм, ахъшэ хъумапІэхэм, уней, къэрал Іэхэущ щІапІэхэм я мыльку зэкІэлъыгъэкІуэным пыщІа лажьакІуэхэм, экономикэм щыхуагъэхьэзыр еджапІэхэм щІэсхэмрэ а щІэныгъэр абыхэм язытхэмрэ, властым щыщу си гугъу тщІы унэтІыныгъэм кІэлъыплъхэм, нэгъуэщІхэми.

Мы махуэм ирагъэкІуэкІ зэІущІэхэм зи Іэнатіэм нэхъ къыщыхэжаныкІахэр щагъэпажэ, щІыхь тхылъхэмрэ дипломхэмкІэ ягъэгуфІэ, Іэхэущ щапІэхэм семинархэр, мастер-классхэр, дерс щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщ.

Къыхэгъэщыпхъэр аращи, УФ-м и экономикэ жылагъуэм дежкІэ пщІэ нэхъ зиІэу ящ къыдальтэр гъэ къэс ят хабзэ, Урысейпсо жылагъуэ тыгъэу «Гъэм и экономист» зи фІэщыгъэмрэ абы дыщыгу дамыгъэмрэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Дзэлыкъуэ щыналъэ

Лэжьыгъэм йогугъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэ Іэнатіэ мыинхэр зэманым къигъэув мардэщІэхэм тету зэрагъэпэщыж.

МЫ ІУЭХУМ теухуауэ къыхалъхьа программэм хиубыдащ Малкэ дэт амбулаторэр. Ильэс 27-рэ ипэкІэ яуха унэм тэмэму ущылажьэну гугъуи хъуат. Іэхэур зи пщэ далъхьа ухуакІэ организацэм, зэрыжаІэщи, блыным фІэкІ къэмынэу, зэщІигъэхьэбащ.

Иджы унащхьэ, бжэ-щхьэгъубжэ, пэш къуІэщІ лажьыгъэхэр ёокІуэкІ, уэздыгъэмрэ псымрэ щІэрыщІэу щІешаж. Мы ильэсым и кІэм нэсыху зэфІагъэкІыну ухуэныгъэм текІуэдэнущ сом мелуанитхурэ ныкъуэм щІигъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Май щыналъэ

Іуэхум хуэбэлэрыгъыркъым

Бадзэуэгъуэр псы ежэхэр къыщиу лъэхъэнэщ. Абы кьыхэкІыу зы илъэси кьанэркъым псы Іуфэхэр гъэбдыдэным ехьэлІа лэжьыгъэ щхьэхуэхэр ди районхэм щемыкІуэкІыу.

ТЭРЧ къиумэ, абы и зэран екІынкІэ хъуну, Май щыналъэм щыпІэ 16 ильэс. 7-р - Александровскэ, 3-р - Котляревскэ станицэхэм, 1-р - Новэ-Ивановскэ, 2-р - Октябрьскэ жылагъуэхэм, 3-р - Май кьалэм хуозэ. Къэбэрдей - Балъкъэрым щыІуэпсым и хъуГуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, районхэм, кьуажэ администрацэхэм, нэгъуэщІхэми я лІыкІуэхэмрэ Іэщ Іагъэ Іэхэмрэ зэгъусэу псы Іуфэхэр кьыхэзэкІуэхьэ, ильэсыгъуэм здэкІуэкІым, Европэм щыІэ къэралхэм къыщыунэхуащ экономикэм щыхуагъасэ еджапІэ зыбжанэ. Ильэсищэхэр блэкІри, цІыхубэ хозяйствэм зыкъиІэтащ, производствэмрэ хьэрычэтымрэ нэхъри зэтеуващ, псэуныгъэм пыщІа Іэхэухэм заужьу щІадзащ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, мы махуэр здагъэлъапІэ предприятэхэм, ахъшэ хъумапІэхэм, уней, къэрал Іэхэущ щІапІэхэм я мыльку зэкІэлъыгъэкІуэным пыщІа лажьакІуэхэм, экономикэм щыхуагъэхьэзыр еджапІэхэм щІэсхэмрэ а щІэныгъэр абыхэм язытхэмрэ, властым щыщу си гугъу тщІы унэтІыныгъэм кІэлъыплъхэм, нэгъуэщІхэми.

Мы махуэм ирагъэкІуэкІ зэІущІэхэм зи Іэнатіэм нэхъ къыщыхэжаныкІахэр щагъэпажэ, щІыхь тхылъхэмрэ дипломхэмкІэ ягъэгуфІэ, Іэхэущ щапІэхэм семинархэр, мастер-классхэр, дерс щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщ.

Къыхэгъэщыпхъэр аращи, УФ-м и экономикэ жылагъуэм дежкІэ пщІэ нэхъ зиІэу ящ къыдальтэр гъэ къэс ят хабзэ, Урысейпсо жылагъуэ тыгъэу «Гъэм и экономист» зи фІэщыгъэмрэ абы дыщыгу дамыгъэмрэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Молэ Владимир Лил и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игуэтащ - и ныбжьыр илъэс 81-м иту дунейм ехьжащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Молэ Владимир Лил и къуэр.

Владимир Лил и къуэр 1940 гъэм щэкІуэгъуэм и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Аруан районым хьхьэ Джэрмэншык къуажэм къыщалъхуащ. 1956 гъэм Налшык дэт Махъмэ училищэм щІэтІысхьащ. Ар ехьуІэныгъэкІэ кІуихри, 1960 гъэм Саратовэ кьалэм и консерваторэм и щІэныгъэм щыпщащ, дирижёр, композитор къудамитІми зэуэ щеджэу. 1965 гъэм композитор-теоретикыу ар къиуващ.

1970 гъэм Молэ Владимир СССР-м и и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь Баланчиадзе А. М. и нэІэм щІэту Тбилиси дэт консерваторэм и аспирант хъуащ. Абы щеджэу итхат Шортэн Акэрбий и либреттэм кьыгурищІыкІа «Нартхэр» балетыр, нэхъ иужькІэ «Бгыхэм я хъыбар» зыфІащжауэ щытар. 1967 гъэм щегъэжьауэ ар лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филормонием и художественнэ унафэщІу, 1976-1993 гъэхэм КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэу щытащ. КъыкІэлъыкІуэу 2005 гъэ пщІондэ ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ и колледжым и унафэщІ къулыкъым пэрытащ. И лэжьыгъэ гъуэгуанэм и кІыхьагъкІэ абы гулъытэшхуэ хуищІащ Іуэхум фІыуэ хэзыщыкІ Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэр гъэсэным, дунейпсо макъамэ щэнхабзэм нэхъыфІу хэтыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщегъэцІыхуным.

Молэ Владимир и Іэдакъэщ Іэкіщ адыгэ щэнхабзэм и тхыдэм ягъуэ къыхьыхьа «Дахэнагуэр» лъэпкъ операэр, Шортэн Асэрбий и «Псэлъыхъу къагъэпцІахэр» (1971), Іуты Борис и «Тхьэлъанэ» (1973) либреттэхэм къатрищыкІа опереттэхэр, симфоние лэжьыгъэхэр, кантатэхэр, ораториехэр, уэрэдхэр, романсхэр, драмэ, гуащэ спектакхэм папщІэ макъамэуэ 30-м щІигъу, макъамэ Іэмэпсымэ щхьэхуэхэм хуэхауэ концёрт программэ куэд къиГэщІащ.

Макъамэ гъуазджэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ Молэ Владимир Лил и къуэм 1972 гъэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ «КЪБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», 1996 гъэм «УФ-м и гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр, 1977 гъэм КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, 2000 гъэм Къыандурым и цІэкІэ щыІэ дунейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ.

ЦІыхуфІу, дахэу, зэчиифІэу дунейм тета Молэ Владимир и фэеплъыр тщыгъупщэнукъым.

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, КЪБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 1, *махуэку*

♦**Бурятием егъэлъапІэ езым фІэфІу Урысей къэралыгъуэм щыхьэ махуэр (1661 гъэм)**

♦**Зауэ зэпэщІэтыныгъэхэм хэта ветеранхэм я махуэщ**

♦**Бакудэсым и дунейпсо махуэщ**

♦**Армением и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Тыркум и Дзэ-тенджыз къарухэм я махуэщ**

♦**Канадэм и махуэщ**

♦**Инджылызым щагъэлъапІэ Щыналъэм и махуэр**

♦ **1200 гъэм** Китаймэ дунейм щыяпэу щащІащ нэхэр дыгъэм зэрыщахъумэ нэгъуджэ.

♦**1862 гъэм** Москва къыщызэІуахащ Урысей къэрал библиотекэр.

♦**1875 гъэм** дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1882 гъэм** Петербург лэжьэн щыщІидзащ ящэ телефон станцым.

♦**1904 гъэм** Сент-Луис (США) къыщызэІуахащ III гъэмахуэ Олимп Джэгуэр.

♦**1917 гъэм** Урысейр ящэ дыдэу техьащ гъэмахуэ зэманым.

♦**1921 гъэм** Шанхайм къыщызэрагъэпэщащ Китаймэ и Компартыр.

♦**1955 гъэм** дунейм кьыхьтехьащ «Иностранная литература» литературно-художественнэ журналым и ящэ номерыр.

♦**1957 гъэм** Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игуэтащ - и ныбжьыр илъэс 81-м иту дунейм ехьжащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Молэ Владимир Лил и къуэр.

♦**Урысей фигуристкэ, Сочэ кьалэм 2014 гъэм щекІуэкІа Олимп джэгуэхэм я чемпионкэ Сотниковэ Аделинэ** и ныбжьыр илъэс 25-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 26 – 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *мэрем*

♦**Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ**. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм къызэрагъэпэщащ спортым тетхьихь, тепсэлъыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**

♦**Уфологым и дунейпсо махуэщ**

♦**Узбекистан Республикэм и къэрал гербыр къыщащта махуэщ**

♦**Азербайджаным и полицэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Къэзахъстаным и дипломатие Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**1556 гъэм** пащтыхь Грозный Иван Астрахань щыналъэр Урысей къэралыгъуэм хигъэхьащ икІи Астрахань хьанигъуэр икъутэжащ.

Бадзэуэгъуэм и 1, *махуэку*

♦**1860 гъэм** Владивосток кьалэ-кхъухь тедзапІэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ. Иджыпсту ар УФ-м и Приморскэ краймэ и кьалащхьэщ.

♦**1964 гъэм** «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1975 гъэм** Ростов – Владикавказ гъущІ гъугуэм мафІэгухэм щызэкІуэу щІадзащ.

♦**1976 гъэм** Вьетнам Социалистическэ Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхьэрэ, Ипщэ Вьетнамэхэр зэгуагъэхьэри. И кьалащхьэ Сайгон и цІэр Хошимин жиІэу зэрахьуэкІащ.

♦**1990 гъэм** къызэІуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Шэрджэс усакІуэ **Гъущощкъуэ Хъусин** къызэрагъэпэщащ Ищхьэрэ, Ипщэ Вьетнамэхэр зэгуагъэхьэри. И кьалащхьэ Сайгон и цІэр Хошимин жиІэу зэрахьуэкІащ.

♦**Актрисэ, кинорежиссёр, жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэ Яковлевэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіаклуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гурцкая Дианэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 28-рэ, жэщым градус 19 – 21-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Гури кІуэдыркъым, шыри мажэ

УРЫСЕЙМ шы Спортымкіэ и федерацэм, Шы спортымкіэ дунейпсо федерацэм, УФ-м Спортымкіэ и министерствэм я нэІэ щІэту екІуэкІа зэхьэзэхуэр иджы зыхуей нэхъ хуэзауэ къызэрызэрэпэщащ и щыхьэтщ абы хамэ къэралхэм, псалъэм папщІэ, шыгъажэ кІыхьэр къызыхуэтынышэу щрагъэкІуэкІ Италием, щыщ кІэлъыплъкІуэхэри зэрыхэтар. ЦІыху 90-м нэс зыхэта эзпеуэр шыхэм яжьпхъэ гъуэгуанэм елъытауэ Іыхьищу гуэщат: километр 160-рэ, 120-рэ, 100, 80, 40. Балигъхэр зы гупу, ныбжьыщІэхэр щхьэхуэу зэпрагъэуащ.

ЗэрытщІэщи, зэрызэпеуэр шыхэм я жэрагъ къудейркъым. Шыгъажэр иуха нэужь, шым и узынщагъэр къызытенапхъэ мардэм нэмысмэ, ялэу къэсам текІуэныгъэр Іэрымыхьэнкіи мэхъу. Арац и щхьэусыгъэгъэр гъуэгуанэм и зы Іыхьэ якІуэу, гъэгуфІэ пызыщІэнымрэ адэкІэ зэхьэзэхуэм хэтыну зыхуамыдэхэмрэ щІызэкъагъэкІым. Псори зытещІыхьар псэущхьэм лей емыхьн мурадырщ.

Нэхъ гугъуу къалъытэ, километри 160-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэм техьахэм КЪБР-м щыщ шууиплІ хэтащ, ауэ и кІэм нэсар Зыхъуэ Замиррэ ещанэ увыпІэр къэзыхьа Джатэ Щамилрэщ. Пэжыр жьпІэмэ, мыпхуэдэ щыгъажэ кІыхьым и кІэм унэсыныр езыр текІуэныгъэу къалъытэ, уэзрыхэта къудейри тхыдэм кьыхэнэ Іэзэгугъэщ. Абы кьыхэкІыу, етІуанэ, ещанэ Іыхьэхэм иужькІэ зэхьэзэхуэм хагъэкІа Хъупсыдржэн Залымыкэ Сибэч Артуррэ я зэфІэкІри бгъэлъэхъышэ хъунухьэ.

А унэтІынигъэ гугъум ящэ увыпІэ къыщызыхьа Черкасовэ Полинэ зытесар Барбарэ зи цІэ хэфхуэ-адыгэщІ. Псалъэ щратым, хъыджэбзым шы тесыкІэ Іэзагъэр къыщищтар ди щыналъэрауэ къызэрилъытэр къыхигъэщу, жиІащ: «Махуэ Ахьмэд фІыщІэшхуэ хуэощІ, си адэ-анэмэ сахуэарэзыщІ илъэс ныкъуэкІэ Кавказым сыщыІэну сызэраутІыпщам щхьэкІэ».

Езы Махуэ Ахьмэдрэ цІыхубэ гулъытэм игъэфІа ебы и Кармелрэ километри 120-м ящэ увыпІэр къыщахьащ.

Гъуэгуанэ нэхъ кІэщІым, километри 100 зи кІыхьагъым, зэуэ ехьуІэныгъитІ кьыхтхуэдихьащ. Ящэ увыпІэр зыубыда Щоджэн Щамел зытесар Заряд цІэр зезыхьэ адыгэш кьабзэт, етІуанэ увыпІэр зеИ ЦІыпІынэ Ислъам и Валетыр, дыщымыуэмэ, хъэрыпадыгэщІ.

Псом нэхърэ нэхъ гъэщІэгъуэныр сыт жьпІэмэ, зэхьэзэхуэр щекІуэкІа мэкъуауэгъуэм и 26-р Щамил цІэр зезыхьэ псомк я пІлъапІэ, Кавказ щыналъэм и цІэр зыІэта Щамил Іимамыр къыщащІахуа махуэу зэрыщытар. ЗэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхугъуэу пхужьІэнущ, дауи, зэуэ адыгэ ЩамилитІ а махуэшхуэм лІыхъжь зэрыхъуар, итІанэ, кьыпфІэмыІуэхунэ пльэкІыркъым.

Адыгэшхэ хъумэнымкІэ фондым и лэжьэкІэм къыщІэддзэжрэ дытепсэлъыхьынкІэ тфІэигъуэщ. Мы зэхьэзэхуэ дыдэр кьащти, дауэ зэхуэбгъэдэн езыр-езыру текІуэныгъэм хущІэкъуэ шумрэ, и лъэпкъым и цІэр зыщІыпІэ деж хуабжьу щитъэІун пльэпІэкІэ мы дыгъэвэхым пщІэнтІэпсыр щезыкъуэзыкІэхэмрэ?! Зытес псэущхьэм нэхърэ нэхъ бэшэчыжу, уеблэмэ, ди зэманым щымыщым ещхьу, «адыгэшыр» жрагъэІэн папщІэ, зыщымысхьыжэу ирахьэкІ щІалэхэм къыхаха Іэнатіэр.

Уанэгу ицхэм ящІэну щхьэпэщ «Адыгэшыр хъумэнымкІэ фондым» иужьрейуэ зэбгритыкІа хъыбарри. Зэгухьэныгъэм, ягъэрауэ, Урысейм щекІуэкІ дэтхэнэ зэпеуэми адыгэшым тесу хэтыну гукъыдэж зыщІам и кьыхьащІэр хурет. Абы ищІыпІужькІэ, километри 120-м, километри 160-м къыщыжэ шухэм псынщІагъ къызэкІуэкІыну ивытыпэу, ахъшэ сагъэт яхуиГэзэващ. Ящэрейм зы сыхьэтым кьриубыдэу километр 15 нэхърэ мынэхъ мащІэу къыщыжэм сом мини 120-рэ/мини 150-рэ иратынущ. Километри 160-м къыщыжэхэм я псынщІагъыр зы сыхьэтым хуэзэу километр 14-м нэхьрэ мынэхъ мащІэмэ, атхуэдэхэм я Іэрыхьэнущ мылъку саугъэту сом мин 300/ мин 350-рэ.

Зэрытлъагъуащи, Урысей утыку ихьэкІми, дунейпсо зэпеуэ жьпІэми, адыгэшым къикІуэтыну и мурадкъым. Ди жагъуэ хъур сыт жьпІэмэ, лъэпкъым и цІэр зезыхьэ псэущхьэ махуэм и пщІэр хэзыгъахъуэ жьыджэрэкІуэхэм я зэфІэкІыр къызыфІэІуэхун кьэрал Іуэхугъуэм щІалэгъуалэм щапхъэрэ зыдэпІьеинрэ я Іэкъым жыдоІэри, жэщи махуи зыдолІэж. И чэзу къэмысауэ пІэрэ Шы зехуэн Іуэхум хухэха комитет е министерствэ хуэдэ къыхэдгъэпэщыну?! Абы адыгэш щыхэрахуэ республикицми щызэфІах шыхъуэ лэжьыгъэхэр зэрызэригъэуІуфынми нэмыщІ, лъэпкъышым и зэгухьэныгъэ здэщІы къэралхэм я лІыкІуэхэри къекІуэлІэфэнут. Сыт и уасэ, лъэпкъ, дин, бзэ зэхэгъэж ямыІэу, Нартан, Къармэхъэбло, Шэджэм къуажэжэм я Іэгъуэблагъэхэм зыщыщэыубгъуэ шы Іэгъэхуэпіэхэм къыщыунэху зэныбжьэгъугъэмрэ зэхэтыкІэ дахэмрэ щапхъэу уиІэнымэ? Республикэр зыхэпсэуІыкІыфыну шыхъуэ Іуэхуэри зыхуей хуэгъэзэнкІ щхьэ уней къалэну къанэрэ? Тхыдэм гурыІуэгъуэу къыджеІэ шы зэхуэныр къыпабыдыкІуэ, лъэпкъыр ирагъэкІуэтыфу зэрыщымытар. Сыт-тІэ иджы дэр-дэру дыщІикІуэтыр, тІэщІэпъ хъугъуэфІыгъуэм и уасэр нэгъуэщІым къыщыджИэнум дыпэплъэу?!

ЧЭРИМ Марианнэ.

Мэкъуауэгъуэм и 24-м ди газетым тета «Мыщэхупщей» адыгэ псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкІуэкІыу: **1**. МэракІуапцІэ. **6**. Мастэпэбдз. **12**. Усэ. **15**. Нэху. **16**. Пыжь. **18**. Гуэш. **20**. Жан. **22**. Быж. **24**. Мыщкъыш. **26**. Пъэныкъуэбэкъ. **27**. Заремэ. **28**. Хуэш. **30**. Бэр. **31**. Щыщ. **32**. Къуэш. **33**. Шатэ. **34**. Щэбэт. **37**. Нэмэз. **39**. Жинт. **41**. Джэш **42**. КІуэр **43**. Нал **45**. Щы **46**. ХьэщІэныш **49**. Чэтэнудз. **52**. Кукъу. **53**. Жьэрымэ. **54**. Едзыгъуэ. **55**. Анэмэт. **57**. ДзэльтІ. **58**. Гуэй. **60**. Мей. **62**. ЩІалэжь. **63**. Хьэзыкъу. **65**. Лъэлу. **68**. Шын. **69**. Щымахуэ. **70**. Псэлъыхъу. **71**. Уэд. **73**. Гулъэ. **75**. Шэч. **77**. Дэлэн. **79**. Хьэку. **81**. Хьэкъ. **83**. Джэдэщ. **85**. Щыуагъэ. **87**. Гъуэлпъэ. **88**. Азэмэт. **91**. Уд. **92**. Къэрабгъэ. **94**. Кьалэдэс. **96**. Хьэ. **98**. Блэ. **99**. Пхъужь. **100**. Шэху. **102**. Дыуэ. **103**. Бгъэбз. **105**. Сэмэгу. **107**. Самэ. **108**. Іугъуэ. **109**. Пэч. **111**. Кьэб. **112**. Хъуэн. **114**. Сюзанэ **116**. Лъэгуажьэтес. **117**. Дзэлыкъуэ. **119**. Абэ. **121**. Гуэн. **122**. Пей. **124**. Дэп. **125**. Гъэч. **127**. Жьэгъу. **129**. НащэгъэфІэлу. **130**. Мыщэхупщей.

Къехьу: **1**. МэкъумэшыщІэ. **2**. Арыкъ. **3**. Ау. **4**. Псы. **5**. ЩІэ. **7**. Ан. **8**. Сэхъу. **9**. Тху. **10**. Пльыр. **11**. Дзэгъэщтокъуэ. **13**. Жэнэт. **14**. Сабын. **16**. Пщатэ. **17**. Жьыкъу. **18**. Гуэбэшы. **19**. Шыр. **20**. Жэщ. **21**. Нэщэнэ. **22**. Баш. **23**. Желиз. **25**. Шэщ. **27**. Зэз. **29**. Шэджэм. **32**. Къуэлэн. **35**. Бэнэгъу. **36**. Лъэрыжэ. **38**. Матай. **40**. Зэрыхъу. **44**. Щумаш. **46**. Хьэлэбэлыкъ. **47**. ЩІыпІ. **48**. Шей. **49**. Чэм. **50**. НэщІ. **51**. Дзэлыкъуэдзэ. **53**. Жьэхъу. **56**. Тэн. **59**. ЕджапІэ. **61**. Едэгъуэ. **64**. Щыкъу. **65**. Лъэгу. **66**. Іупэ. **67**. Мыл. **71**. Уэщ. **72**. Дзэуэгъу. **74**. Пъэпахъуэ. **75**. Шэмэдж. **76**. Чэт. **78**. Нар. **79**. Хьэблэ. **80**. Кугъуэ. **81**. Хьэкъ. **82**. Кьалэн. **83**. Джэд. **84**. Курдистан. **86**. Гъабгъэ. **89**. Зэхуэхъу. **90**. Мэрэмэжьей. **93**. Гъэблэгу. **95**. Ашэбей. **97**. Луиза. **101**. Насып. **103**. Бгъуэ. **104**. Зэгуэгъу. **105**. Сэтей. **106**. Гуэдз. **108**. Іунэ. **110**. Чан. **111**. Кьэп. **113**. Нэд. **115**. Абгъуэ. **118**. Лэгъуп. **120**. ІэфІ. **123**. Іэщ. **125**. Гъэ. **126**. Чэ. **127**. Жьэгъу. **128**. Гъуэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзур зышхынум Іуоджагуэ.

Дунеягъэ гъэуэгуитIым я зэхуакум

● Дифі догъэлтапIэ

Леонов Леонид, Паустовский Константин, Иванов Всеволод, Лидин Владимир, Симонов Константин, Твардовский Александр, Чуковский Корней, нэгъэущI кэдди сигу фIыкIэ кIыбзогъэкIыж. ПщIэрэ, сэ стеухуа тхыгъэу дунейм къытеохьаехэм псоми къыщыхоуз мы цIэхэр, зыгуэрэхми жаIэнкIэ хъунущ, гъэщIогъуэн-тIэ ахэр пльэгъуамэ, эхуэгъазмэ, уратгъэджамэ, жаIэу. Мыр нэхъыбэу щIыжьсIэр ди щIэбэлэращ. Си щIалэгъуэм цIыхуэхэр дыззэпсалъэрт, дызрыщIэрт, гурыгъу-гурыщIэхмкIэ дызэдзэгушэрт, зым и щIыуагъэм адрейм гу лъедгъэтэжыфу, зым къехъулIэм адрейр дыщыгуфIыкIыфу дыщыт. Мо зи цIэ къысIуа нэхъыжьхэр езыхэр литературэм дежкIэ зы лъэхъэнэ псо ирикъурт, хэпхъыгъэхъуэхэр хуащIат, абы уфIэкIыжкмэ, я нэгу щIэкIамрэ къаклуа гъэузгэнэмрэ удихьэхыу жаIэжыфырт, ахэр гъэсэпэтхъидэ ирикъурт, пщэдейрей махуэхэм пщIэфынухэмрэ щынщIэ хъунухэмкIэ упщIэж хъарзынэ къыуахьэлIэрт. ЦIыхур и ІэнатIэ теухуауэ цIэрыIуэ хъуамэ, и псальи и Іуэхущапхи хуэсакъыу и дуней Іыхьэрекъ. Мыхъэ апхуэдэ, дызыхуущиим псоу ди гъащIэм и бзыпхъэу къэтхьащ. Иджырей щIалэгъуалэм интернетщ зэрызэрыщIэр. Ари дызыхэпсэукI гъащIэм и нэщэнэхэм ящыщщи, ухущIаджэ закъуэм пэж хэлъкъым. Ауэ уэзмыбэкъужьмы зы щыIэщ - цIыхур цIыхуу къэзыгъэнэжкIэ щызэпсальэрщ, я гущыIагъуэ-гуфIэгъуэхэм-кIэ щызэдзэгушэрщ. Къыскфпщ ахэр мащIэ хъуауэ. Дауэ цIыхум пщIэ зэрыхуэпщIынур ар къыумыцIыхуауэ, зыхыумыщIауэ, зэгупсысмэ щыгъуазэ захуумыщIауэ. Си фIэщ хъурэкъым интернетым ар хуэзэфIэкIыну.

Зы курсым дыщызэддежамэ, зы лъэхъэнэ дыщызэрихъэлIамэ, Литературэм институтыр кIыщ тхуэхуащI Рожественскийр, Робертр, Исаев Егор, Евтушенкэ Евгений, Севак Паруйр, Казаков Юрэ, Нурпеисов Абуджамил, Ахмадулинэ Беллэ, Джусойть Нафи, нэгъуэщIхэми. Къытхуэза цIыхухэр зэрыбгъэльлажьэрамэ, лъэхъэнэр 60 гъэхэм зэрыхуэхIэрамэ, хэт ищIэн, лъэпкъыбзэ литературэр кIыщIэщIэщIэрщ абы щыгъуэщ. Сэ си цIыхьхэр абы сыхиубыдану зыкъзэрысхуиухамкIэ си махуагъэу къызэольтэ.

ГъэзугуитI сирикIуэну Тхьэм къысхуиухащ щыжьисIэм, къыхэбгъэщат а тIуми я зэхуакум литературэр дунеишхуэ щыбухуащ, жьиIэпи. Иджырэ къэс псыпэ цIыкIуурэ еюхъми, а псор зы псыежьхэу зэхэпльэдаем зи гущIэ хэзыльхьар литературэр дунейм щыцIэрыIуэ дыдэ Михалков зощхьэгъусэхэщ - Сергейрэ Натальерэщ. Адыгэхэр зыхуэдэр курыхыу ящIэрт мыбыхэм, пщIэшхуи зэрыхуащIыр я щытыкIэ псом къыхэщIырт. Институтыр кIыщIэуха илъэсырщ ахэр къыщысцIыхуар. ЗэгуэрыфI унафэщIыр къыщIэджэри Михалков Сергей и телефонрэ ящIэрэ, епсалэ, Іуэху дыдэ Михалков зощхьэгъусэхэщ - Сергейрэ Натальерэщ. Адыгэхэр зыхуэдэр курыхыу ящIэрт мыбыхэм, пщIэшхуи зэрыхуащIыр я щытыкIэ псом къыхэщIырт. Институтыр кIыщIэуха илъэсырщ ахэр къыщысцIыхуар. ЗэгуэрыфI унафэщIыр къыщIэджэри Михалков Сергей и телефонрэ ящIэрэ, епсалэ, Іуэху къыпхуиIэ, щилэри. Дыздэщысым литературэм ирикъуа щIэныгъэ зэрыщIэ фIэкIа умыщIэну, гушхуауэ къыззэпсальэу иригъэжьащ, и хэщIапIэр къызитри сригъэблэгъащ, кIэщIу тездзэу сыкIуэныи къыжьиIащ.

Сыкъыбзаджэ унагъэр егъэлеяуэ дахэу къыспыкъуэкIат. УнэгуащIэм Іэнэр щIэхьыу кIыуздэри, сагъэфIащ, сагъэхъэщIащ, еджакIуэрэ зауэлIрэ зэхуэдэщ, жаIэри. Дыздэщысым ахэр зэщIэмыупщIа къэнакъым - сызэрдежьэм, стхыр зытеухуам, ди хэку тхакIуэхэм я ІэдакъэщхьIэхэр зыхуэдэм, сабий литературэм хэпъ щхьэхуэнагъэхэм. Псом нэхъри нэхъ гуфIэнэж сщыхьхуар си тхыгъэхэм адыгэбзэкIэ сыкъызэрырагъэджарат. («*Хьшхуэ къэукъбиям ещIыщ адыгэбзэр, узэрехъ, укърехьэкI, ущIеупскIэ - ауэ гум жьы дригъэхуро абы» жиIэу мызэ-мытIэу и псальэм къыхигъэщу щытыгъат Кончаловскай Наталье, щэч кIыгречьэхрыкъым ар Мэшбащ1эм кърита гъэлхэщIэм къызэрыпкъырыкIам - Табыш М.*) СыщIрагъэблэгъа Іуэхури къызэдальхьащ: СССР-м и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я III зэхуэсым и лэжьыгъэм сыхэтыну сагъэльагъуэу арат. КъыхэзыщIэкIамкIэ, си уэсэхэр зогъэгъу псом къыщащIэ зэдзэкIакIуэ дзэгъэкIуэ Алигер Маргаритэрэ Матуровский Михаилрэ зи пашэ, уэ тхыныр зэхъуIэпхэм я зэIуIэм я пащхьэ ирапльэрри щрипсэлъат, СССР-м и ТхакIуэхэмI я зэгугъэныгъэм сыхагъэхэ хъунри къыскъуагъэфэщат.

Си бысымгуащэр, Михалковэ-Кончаловская Наталье, зэрызымкIэ, а зэгуфIэныгъэм хагъэхьэнухэм я тхыльхэм хэппъэ хэпщIаткIуэ гупым щыщт. ПIалъэ кIэщIым къыриубуду си Іэдакъэщхьи Іэхэм еджэщ, щытхъу псалъэр хуищIри, утыкуншхэ и инпхэ зэрыхъунымкIэ рецензэ схуитхауэ щытащ. Абы и фIыгъэкIи литературэм уи пщэм къыдилъхьэ къалэныр зэрымыцIыкIур, уемызэшыжу уэзлъхьжьыкIи зэрыхуэфр, лъэпкъыу сыкъызэхэзгIамкIи пщэдэкIыжьхэуз зэрысхьэр зэхэсщIыкIащ.

Аращи, сотхэ абы къыдэпрэ. Ерыщагъ гъэр схэпльу щIыкIэкIынт сэ, ауэ тхакIуэхэм я кIыщ сыкъызыщIэкIам къысхилъхьа лъэкIым хуэдэ щыIэтэкъым - псоуэ сиIари арат. Дэтхэнэ тхакIуэми хуэдэу, сагъэпIейтейуэ, псэкугъэ къызамыту Іэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ: сыт дунейм сыкъэщIытехьар, сыт сызыхуэпсэур, дэнэ сыздэкIуэр? А гупсысэхэм я жэуап иджыри къызыдэсым къызолъхьуэ, сызыгъатхэри аращ. Сыщынэхъ щIалэм нэгъуэщI упщIэ гуэрхэр зэстхыжу къыщIэкIынт, зыгуэркIи си усэбзэкIэ жэуап естауэ къысфIощI. Ауэ, сыт абыкIэ си лъэпкъым узэсщIэфар жыIоIэ иджы?..

Илъэс щэщым нэблагъащ уэ зэрызмыгъхьжрэ. Зэззмызэ губгъэмIэдэкIуэ сыкъыпуэсыкIми, сызыхилъаэгр, сызыIэщIэзыубыдэр нэгъуэщIщ, усэбэзм имыIтаэ къэIуэтэкIэ IэужькIыгъуэщ - проззрщ. Фегупсысыт, сабийр бжьхыым щхьэпрплIу илъагъу дунейращ гъунэнщэу къыщIыхьыр. КъыдэкIуэтэ нэужьи, къужьи уэрэмыкIэ іоплъэхри, къыззрыфIэщIу щытат хуэмыдэу, ар зэрынэхъ иныр къыгуроIуэ. КIуэтэху, щIэплъыпIэм щыIэ дунейм нэсыну хуохьэ. Апхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ сэри си дуней лъагъуэкIэм зэрызиужьар. Сызэридзэу сегъэгуэмэщI сыкъызызэкIа лъэпкъым и къэкIуэнчи. Сыт хуэдэ ар, блэкIам щыщу сыт абы пхьы хъунур? Мы зызыхуэжь дунейм дыхэмышыпсыхьжьхьи щхьэкIэ, сыт тщIэн хуейр? Ди бзэр дауэ зэрытхъумэнур, ди щэхабзэр дауэ къызэрызэтедэнэр?

Дауи, гукIэ зэдгъэзаауэ апхуэдизу гупсысэм зэуэ жэуап пхуетынукъым. Абы щхьэкIэ гъащIэ къэбгъэщIен, къэбгъэщIами ухуеплъэкIыжьфу щытын хуейщ. Адыгэ литературэм лъагъэжэш зыхуэхуаращ здэкIэуэнымрэ здауэнэтIынымрэ ятеухуауэ упщIэбз эи пащхьэ къиуязгъэ. Абыхэм жэуап къызыхуагъэта Іуэхугъуэхэм ноби я щIэщIагъуэр икIакъым, дызыхуепсэукI дунейм елытауэ пыжьтIыхьынур къэтлъхьуэу докIуэжI.

**- Исхьэкъ, жьиIам пысщэщи, иужьрей илъэс тIощIырыпщIым уэ нэхъ уэхъузэрращIэр тхыдэр зи тегъэщIапIэ тхыгъэшхуэхэр зи Іэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэущ. Сомет лъэхъэнэм зыдиштхэр къэкIуэкIащ, ар щыхуэкъуэнэ, Іэмал зиIэхэм зэрыгъэзэжащ. Ди щIалэгъуалэм щыщ, Іэмал зиIэхэм сурэт трезгъэхьат, къытезгъэзэжауэ седжэрт. «Щхьэл мывэ» романым хэсIыхьа тхыдэ щапхьэхэр зэхуэхьэсыгъуейущ зэрызэзгъэуIуар. Дунейм нэхъ хуит хъуа нэужьмкIэ, адрей си тхыгъэхэм хэзухэна тхыдэ щапхьэхэр нэхъ къэгъуэтыгъуафIэ щыхуэзар. Ауэ дапщэщи си гуэзэкIэр тхыдэм и пэжым и щIыIу сщIакъым. Абы сызэрытемыкIыр Іуэхуц сызыхуэщIэкъуар. Тхыдэр тегъэщIапIэ зыхуэзэщIа романхэм а пэжыр процент 90 нешыщIэзрохьэж жысIэмэ, егъэлеяр зыхуокIым.

Сыкуейт зы щапхьэ къэсхьыну. «Хьан-Джэрий» зыфIэсща романым и тхыным сыплыхьэн щхьэкIэ, кIыхьу сыкъыIэщIрыкIын хуей хъуащ. Абыкъ фIыщIэ зейр Къэбэрдейм щыщ щIэныгъэлIэхрщ. Десэжауэ пщы-уэркъэм къыхэкIа дэтхэнэ зы щхьэ пэрытри зытелэжьар я щхьэщ, зыхэсэуэри соет гупсысэкIэм я щхьэкъым, ар бурэуэзакIэ щыIэкъым, жьитIэрт. Я гугъу дахэкIэ пщIыну щIэттхэкъым. Ауэ щыхъукIэ я зы тхыгъэ нэсу демыджауэ, лъэныкъуэ псомкIи зэпкрыдмыплъыхьауэ апхуэдэ псалъэхэр жьыIам дыдеежьрт. Хьан-Джэрий теухуауэ Налшык зэкIэлъхьэжьжьу къэхутэныгъэ зыбжанэ дунейм къыщыгъэкIащ. А пэжыкIэ кунщIафIэхэр ди дежьэ къэсу Хьан-Джэрий зыщыщIэ дыдэр къызгурыIуа нэужь, хуэсщIа фIыIалъэныгъэм тобэ къызыгъэхъыжащ, и цIэм хуэмыфащэ есПэсу сызэрыпсалъэу щытам сыхущIригъэуэжащ. Къызэрысхуэгъуну къэсольтари Хьан-Джэрий и лэжьыгъэмрэ и ІуэхущIафэхэмрэ къадэкIуэу, гу къабзэ эиIэ, зи щIыгумрэ лъэпкъ щIэныгъэмрэ зыщIэ щIэныгъэмрэ къэзгъэльэгъуэнрати, си гуащIэ хэслъхьэри зеспщIащ. ЗэзгъэдзэкIащ архивыбзэр, сыщIащ щалъхуа-щыпсэуа щыпIэхэм, седжащ тхыльэ куэд. Хэкуплъм, нэгъэсауэ хэкупсэу щыт цIыхум и дунейр къэзгъэщIауэ къысщохьу, ар романым и бзэм ислъхьэу цIыхум я пащхьэ щIэлъыIэсащ.

Аращ зэрыхъуар адрей си тхыгъэхэми я Іуэхур. Си щхьэрэ си цIэм я пащхьэ къудей-кым сэ хьэкъ зыщысщIыжакмкIэ жэуап щыс-хьыр. Сэ фIы дыдэу къызгурыIуэ зэрыщымытымрэ зытемытымрэ тету стхыуэ щIэблэр зэгъэжакъэ зэрымыхъунур, абы сыхуэсакъын зэрыхуейр. Ар пщдэйрей махуэхэм къыпхутеуэ, зэрыхуэзфIэкIкIэ тхыдэм и пэжыр гъуазэ сощI, сымыщIэ гуэр сIэщIэкI-ми, гъащIэм зэрригъэзэжуэкынщ.

- Исхьэкъ, сыт ящепIэнт уэ иджыпсту щIалэгъуалэм?

- ПщIэрэ, мы упщIэм и жэуапыр кIэщI дыдэщ. Зи гугъу пщIы щIалэгъуалэм сащемыпсальэ, зыгуэркIи зи зэщыхьэгъуэ щIэныгъэ хъуакъым. Сэ къэскIуэ ГъэзугуР къызэщIэкъуэжа си гугъэщ. Мис, иджыблагъэ си тхыгъэхэр щIэзэхуэхьэсауэ тхылъ 25-рэ хуэ зэужьыр къыдэкIащ. Абы къыщыбгъэтынущ гупсысэрэ зэуапсапIэу сиIахэри, гугъапIэрэ пIапIэу сщIауэ щытахэри. СызыхуэщIэну зэхъуэкIыр - адыгэр щIыху нэгъэса щIыныгрт. КъызэхъупIамэ, си насыпщ. Сэ иджырэ сотхэ, упщIэ куэдым я жэуапхэм сольыхьэрэ, ныжьыщIэхэри еш ямыщIэу, я хуэпсэ ваГъуэм иужь ity кIуэну сыхуейт. Дзыьихэт дунейр щIыкIу хуэщI, псынщIэу узэрогъэзт, зэхъщIэхьи узэпльэIэс. Аущ жэрыгъэкIэ кIуэ дунейм умыгъэтыжыну икIи улъэмысыжыну пфIигъэжьIуэдэм ящIыщIи ди пэлъпкъщIхэр, ди анэдэлъбубзэр, ди хабзэр. Ахэр зыхъумэн хуейр, абыхэм яхуэсакъын хуейр щIалэгъуалэращи, дуней хъугъуэфIыгъуэ куэдым ипIэ ахэр зэритыр къагурыIуну сохъуапсэ. Иджырей дунейм и Іэщэр щIэныгъэщи, адыгэбзэмрэ пъэлпкъ тхыдэмрэ Іэщэу зэрахъэу пъэлпкъ гъащIэр къаIэтыфыну, зэтрагIэгъэфынуну сащогугъ, сахуоIыаIэ.

ТабыщI Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

рыгупсысэр къихутэн, къыздгурыIуэр къызэрытIуэтэф щIыкIэр зэхигъэкIын щхьэкIэ, «нобэ уэшх къоШх», «нобэ дыгъэпсц» псалъэхэм хуэдэхэм дапыуСхьыну е псалъэ зэгъэпэща кIэщI къапыдгъэувэну дыкъыхуриджэу щыхуежьам. Сэри зыгуэркъэр «суцIырхъыу» щыщIэздзэр абы щыгъуэу къыщIэжьи. ХилъэгъуэР Тхьэм ищIэнц, ауэ Исуф гурыхь щыхъуащ си псалъэ зэгуэдзэкIэхэр. Абдеж къыщригъажьэри, и нэIэ зэи стригъэкIакъым, тхэным сытригъэгушхуэ, псалъэхэм къарыкIым гу лъызигъатэу, и уцIэ къызыхьэлIэу къэгъуэгурыкIуащ. Исуфщ еджэн Іуэхур си гупсысэм къыхэзыльхьар. ПыщIэну сытезыгъэгушхуэри аращ. Си акъыл хуэкIуэу тхэным ящIэтыпа нэужьи Исуф сыкъыдгурыкIакъым, си гупсысэкэр ecхьэлIэу, ешыы абыхэм яхуэфащэ псалъэ къаухуищIыжу дызэбгъэдэтащ. Къэдрэ сигу дахэкIэ къоклыж, сыщIыгупщэрэкъым.

ПщыунэI Исуф дин щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ цIыхуэ хьэлэмэт, Мысырым щыIэ, «Аль-Азхар» жьыуэIэ еджапIэ цIэрыIуэр ежьмырыIат. Къуажэм къитIэзэзжа нэужь, еджапIэм адыгэбзэмкIэ, географиемкIэ, тхыдэмкIэ дыщригъэджащ. ЦIыху щабэт, и гулыытэр жант, набдзэгубзаплъэт, щыпкъат. Диным цIыхум хэлъын хуейуэ къэгъэльэгъуэ Іэдэбыр абы хэпIалъгъуэрт. Абы къыздэкIуэуи, лъэпкъыр цIыху еджа зэрыхуэныкъуэр гущIэу зыхихIыжрт, щIалэгъуалэм і лъэпкъыпсэ яхилъхьэн зэрыхуейр нэсу къыгурыIуэрт. Абы и Іуэхугъэ къуажэ щIалэгъуалэм щыщ яхилъхьащ ПщыунэлIым.

Курыт еджапIэм классибгъэ къыщIэхуха нэужь, Черкесск егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр дэт училищэм сыщIэтIысхьащ. Мыбдежщи си фIэщу усэн щезгъэжьари. «ЦIыху лъэщхэр» зыфIэсща си япэ пшынальэр щыстхэр Черкесск сыщыщIа лъэхъэнэхэрщ. Зэгуэрым, а тхыгъэм щыщ зы пычыгъэ адыгэ тхакIуэ Уэхъутэ Абдулькъ сыкъыщыхуеджэм, сигъэтIысри кхъэзущIиц: «Уи тхыгъэм къыщIэIуэ макъымэр жьгъыруэр, ар зэхьумыхынкIэ Іэмал иIэкъым. Ауэ уи адыгэбзэм зебгъэужьыну, абы хэпIэ щэху псори къэпIащIыну ухуеймэ, утхэнэр пэжмэ, уи бзэгъу дыдэхэр здащIыIэ Адыгэ Хэкум кIуэж, щIэтIысхэ Мейкъуапэ дэт еджапIэм». Ар си къэкIуэжькIэу, нэхъыжьымэ и псалъэ Іущри си гъуэмылэу мыбы сыкъэкIуэжащ. Икли сыщыуакъым.

Мейкъуапэ нэIуасэ къыщыхсхуэхуа тхакIуэхэмрэ зсакIуэхэмрэ адыгэ литературэ дунейм сыкъыщаIа, тхэкIи и щэхущ, псалъэ зэпкъгъэувэкIэхэм сыкагъэгъуэщащ, си дуней лъагъуэкIэм зрагъэужьащ. Я Іэдакъэ щхьэкIэ, ауэ сыкъызэрагъэщIэр, ар ящIыщ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хьусен зэхиша, иужькIэ и цIэр зыфащIыжа литературэ гупжьейм сахэхуащ. Абы сахэзышащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дезыгъэджа цIыхуэ тепльыжь ХьэтIанэ Мэшбащ1эм. Сыту жьыIуэт, сытуи гуфIэгъуэт ар! Зи Іэдакъэщхьи Іэхэр тегушхуэу утыку къызыльхьэ ныбжьыщIэхэм я щIыщIэныгъэхэмрэ екъулIэныгъэхэмрэ ар апхуэдизкIэ купщIафIэу тепсэльыхьыпти, арэзы утемыхьуэнкIэ Іэмал иIэтэхъым. Литературэ гупжьейм хэтхэм я пащхьэ сэри си усэ зыбжанэ исльхьат. Абыхэм ящIыщт «ПIыжь бригадэ» зыфIэсща си япэ усэр. Гурыхь ящIыхуауэ, кIыхьбдзэ хъуну жаIэу гупжьейр иприпсэльащ абы. Мыр сигу къыщIинар араущи, апхуэдизкIэ зэпапльыхьу, зэпашачэу зр ары шыбзэ щIагъэкIати, «хэзыщIыкIэм щыжаIакIэ» жьысIэу си щхьэр лъагэу сIыгъуэ хъуат. Еэрри, «Социалистическэ Адыгеи» газетым а усэр къыгурадзэ. Мыр къыщыхуэр 1949 гъэрщ. Гъэзетыр къыдэкIыжу щы-плIы къызощхэу, си Іыхьлъхьэм, си ныбжьэгъуэхэм яхуэзгъэщIэгъуэну. Ар сыIгъыу зыгуэр щхьэкIэ бззэрым сытохьэри, къэсщэхуэр зыкIыуцIыхьэ газет кIапэм зыщIэзгъэщIагъэ си усэр тету гу лъызотэ. УщIалэмэ, уденэш, жьыуэIэр араквэ, сигу къежьащ ар *(кIэдыжьхьи)*.

Уэхъутэ Абдулькъ зззгъэдэIуэуэ щыта си тхыгъэм фIыуэ сыхэлэжьыхьауэ, нэмыщIысауэ иIэжэ зззгъэзэхуэжьыну Іэмал щыщIгъуэтар абы иужьщ. «ЦIыху лъэщхэр» зыфIэсща си пшынальэр иту си япэ тхылъ цIыкIур 1953 гъэм къыздзэгъэкIауэ щытащ. АбыкIэ зи фIагъ къыщIэкIауэ щытар адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Бутыкъ Аскэрт. Тхыгъэм еджа нэужь, тхылъ тедзапIэм сишэри, абы и инафэщIу щыта Щоджэн Мэхьмуд пиубыдат: «Жьы Іурыхьэгъуэ къоэт мы тхыгъэр фIэкIынIэ имыIэу дунейм къытехьэн хуейщ», - жиIэри. Зы тхъэмахуэм и кIэуцIкIэ хьэзыр хъури, тхылъыр къыдэкIауэ щытащ. Дунейр Іуэ пкIэгъэ схуIыкъуриIтыкIыж, аущрэ ар ящIэ. Абы пьандэрэ си тхыгъэхэр къыгъэзэжа, къыдзогъэкI. Сыт хуэдэу щымытми, адыгэ тхакIуэхэм я дунейм сыщыкъыхьари, си хъуэпсапIэхэр нахуэ щыкъуари иджыт.

Мыри жьзмыIэн слъэкIынкъым, Мурат. ЗэрыпщIэщи, ди щхьажэ щыкIыи адыгэ лакъуэхэр псори щызэхэсщ - хьэтыкъуэи, къэбардеи, бесПъэнеи, абазэхи, шапсыгъэи, бжьэдыгъуи... Адыгэ жьыIэкIэ щыIэхэр щызэхэгъэткIухьауэ ди къуажэм Іурылъщ, абы ди бзэри Іэсщ1эгъэуэн дыдэ ещI. Сызэрытхэр кIэмыргуеибзэр зи лъабжьэу щыт литературэбзэрами, мо жьIэнIэхэм я зэумэжьжьмэз абыхэм жьымыльэгъэнкIэ Іэмал иIэтэжьм. Еутыхьмэ жьы Іурыхьэгъуэ жьыхуIари арат - бзэм зэрызиужьырыну Іыгъэгур хильэгъауати, тхыгъэр щIэхьу дунейм къытригъэхьэнт. КIуэ, бзэм и закъуэу къыщIэкIынкъым Еутыхьм гу зылъытар. ЦIыхум усакIуэ къыхэкIынущ жьIпIэу щыгъэкIэ зущIугъэуи и тхыгъэм Іыгъу ептын щхьэкIэ, гупсысэм и къэкIуэтэкIэм хэпъ къаруми, ар аджэм къыззрищтэнуми, и зэхэщIыкIым зэрытелэжьэнуми уеПпын хуейщ. Апхуэдэ гуэрхэр хильэгъуагъэнт си япэ усыгъэ-жэм Еутых Аскэр. «ЦIыху лъэщхэр» тхылъ цIыкIур дунейм къытехьэн щхьэкIэ гугъу къызэдекъэжьм къыскъалъхьа фIэщхъуныгъэращ сэ адэкIэ сызыгъэкIуари, Мэхуду дэт, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институт щIэрыIуэм сыщеджэным сытезыгъэгушхуари.

Дауи, сэкIэ Литературэ институту дунейм тетыр а сызыщеджэм и закъуэщ. Сыпсэухуи сигу ильынущ абы щызгъэкIуа ильэсхэр. Ипэкли сфIэфIт усакIуэ-тхакIуэ щIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм сэ, ауэ абыхэм я Іэфыр, къызыхураджэр, уэзыщIагъэхъуэпсыр мыбдежщ щызыхэсщIэпар. Хьэлэмэтращи, зи тхыгъэхэр зэIэпытхъу деджэ усакIуэ-тхакIуэхэр езыхэр къыщопсальэм, я гупсысэр къыщыуахьэлIам джи уи епльыкIэри уи зыхэщIыкIэри нэгъэщI мэхъу. Дезыгъэджа, ущиякIуэу диIа сыкъыщIытехьар, сыт сызыхуэпсэур, дэнэ сыздэкIуэр? А гупсысэхэм я жэуап иджыри къызыдэсым къызолъхьуэ, сызыгъатхэри аращ. Сыщынэхъ щIалэм нэгъуэщI упщIэ гуэрхэр зэстхыжу къыщIэкIынт, зыгуэркIи си усэбзэкIэ жэуап естауэ къысфIощI. Ауэ, сыт абыкIэ си лъэпкъым узэсщIэфар жыIоIэ иджы?..

Илъэс щэщым нэблагъащ уэ зэрызмыгъхьжрэ. Зэззмызэ губгъэмIэдэкIуэ сыкъыпуэсыкIми, сызыхилъаэгр, сызыIэщIэзыубыдэр нэгъэущIщ, усэбзэм имыIтаэ къэIуэтэкIэ IэужькIыгъуэщ - проззрщ. Фегупсысыт, сабийр бжьхыым щхьэпрплIу илъагъу дунейращ гъунэнщэу къыщIыхьыр. КъыдэкIуэтэ нэужьи, къужьи уэрэмыкIэ іоплъэхри, къыззрыфIэщIу щытат хуэмыдэу, ар зэрынэхъ иныр къыгуроIуэ. КIуэтэху, щIэплъыпIэм щыIэ дунейм нэсыну хуохьэ. Апхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ сэри си дуней лъагъуэкIэм зэрызиужьар. Сызэридзэу сегъэгуэмэщI сыкъызызэкIа лъэпкъым и къэкIуэнчи. Сыт хуэдэ ар, блэкIам щыщу сыт абы пхьы хъунур? Мы зызыхуэжь дунейм дыхэмышыпсыхьжьхьи щхьэкIэ, сыт тщIэн хуейр? Ди бзэр дауэ зэрытхъумэнур, ди щэхабзэр дауэ къызэрызэтедэнэр?

Дауи, гукIэ зэдгъэзаауэ апхуэдизу гупсысэм зэуэ жэуап пхуетынукъым. Абы щхьэкIэ гъащIэ къэбгъэщIен, къэбгъэщIами ухуеплъэкIыжьфу щытын хуейщ. Адыгэ литературэм лъагъэжэш зыхэхуаращ здэкIэуэнымрэ здауэнэтIынымрэ ятеухуауэ упщIэбз эи пащхьэ къиуязгъэ. Абыхэм жэуап къызыхуагъэта Іуэхугъуэхэм ноби я щIэщIагъуэр икIакъым, дызыхуепсэукI дунейм елытауэ пыжьтIыхьынур къэтлъхьуэу докIуэжI.

**- Исхьэкъ, жьиIам пысщэщи, иужьрей илъэс тIощIырыпщIым уэ нэхъ уэхъузэрращIэр тхыдэр зи тегъэщIапIэ тхыгъэшхуэхэр зи Іэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэущ. Сомет лъэхъэнэм зыдиштхэр къэкIуэкIащ, ар щыхуэкъуэнэ, Іэмал зиIэхэм сурэт трезгъэхьат, къытезгъэзэжауэ седжэрт. «ЦIыху мывэ» романым хэсIыхьа тхыдэ щапхьэхэр зэхуэхьэсыгъуейущ зэрызэзгъэуIуар. Дунейр нэхъ хуит хъуа нэужьмкIэ, адрей си тхыгъэхэм хэзухэна тхыдэ щапхьэхэр нэхъ къэгъуэтыгъуафIэ щыхуэзар. Ауэ дапщэщи си гуэзэкIэр тхыдэм и пэжым и щIыIу сщIакъым. Абы сызэрытемыкIыр Іуэхуц сызыхуэщIэкъуар. Тхыдэр тегъэщIапIэ зыхуэзэщIа романхэм а пэжыр процент 90 нешыщIэзрохьэж жысIэмэ, егъэлеяр зыхуокIым.

Сыкуейт зы щапхьэ къэсхьыну. «Хьан-Джэрий» зыфIэсща романым и тхыным сыплыхьэн щхьэкIэ, кIыхьу сыкъыIэщIрыкIын хуей хъуащ. АбыкIэ фIыщIэ зейр Къэбэрдейм щыщ щIэныгъэлIэхрщ. Десэжауэ пщы-уэркъэм къыхэкIа дэтхэнэ зы щхьэ пэрытри зытелэжьар я щхьэщ, зыхуэпсэуари соет гупсысэкIэм я щхьэкъым, ар щыхуэкъуэнэ щIэжьхэр, жьитIэрт. Я гугъу дахэкIэ пщIыну щIэттхэкъым. Ауэ щыхъукIэ я зы тхыгъэ нэсу демыджауэ, нэныкъуэ псомкIи зэпкрыдмыплъыхьауэ апхуэдэ псалъэхэр жьыIам дыдеежьрт. Хьан-Джэрий теухуауэ Налшык зэкIэлъхьэжьжьу къэзгъэтынэрэ зыбжанэ дунейм къыщыгъэкIащ. А пэжыкIэ кунщIафIэхэр ди дежьэ къэсу Хьан-Джэрий зыщыщIэ дыдэр къызгурыIуа нэужь, хуэсщIа фIыIалъэныгъэм тобэ къызыгъэхъыжащ, и цIэм хуэмыфащэ есПэсу сызэрыпсалъэу щытам сыхущIригъэуэжащ. Къызэрысхуэгъуну къэсольтари Хьан-Джэрий и лэжьыгъэмрэ и ІуэхущIафэхэмрэ къадэкIуэу, гу къабзэ эиIэ, зи щIыгумрэ лъэпкъ щIэныгъэмрэ зыщIэ щIэныгъэмрэ къэзгъэльэгъуэнрати, си гуащIэ хэслъхьэри зеспщIащ. ЗэзгъэдзэкIащ архивыбзэр, сыщIащ щалъхуа-щыпсэуа щыпIэхэм, седжащ тхыльэ куэд. Хэкуплъм, нэгъэсауэ хэкупсэу щыт цIыхум и дунейр къэзгъэщIауэ къысщохьу, ар романым и бзэм ислъхьэу цIыхум я пащхьэ щIэлъыIэсащ.

Аращ зэрыхуар адрей си тхыгъэхэми я Іуэхур. Си щхьэрэ си цIэм я пащхьэ къудей-кым сэ хьэкъ зыщысщIыжакмкIэ жэуап щыс-хьыр. Сэ фIы дыдэу къызгурыIуэ зэрымыщIэ зыремытымрэ зытемытымрэ тету стхыуэ щIэблэр зэгъэжакъэ зэрымыхъунур, абы сыхуэсакъын зэрыхуейр. Ар пщдэйрей махуэхэм къыпхутеуэ, зэрыхуэзфIэкIкIэ тхыдэм и пэжыр гъуазэ сощI, сымыщIэ гуэр сIэщIэкI-ми, гъащIэм зэрригъэзэжакъэ.

- Исхьэкъ, сыт ящепIэнт уэ иджыпсту щIалэгъуалэм?

- ПщIэрэ, мы упщIэм и жэуапыр кIэщI дыдэщ. Зи гугъу пщIы щIалэгъуалэм сащемыпсальэ, зыгуэркIи зи зэщыхьэгъуэ щIэныгъэ хъуакъым. Сэ къэскIуэ ГъэзугуР къызэщIэкъуэжа си гугъэщ. Мис, иджыблагъэ си тхыгъэхэр щIэзэхуэхьэсауэ тхылъ 25-рэ хуэ зэужьыр къыдэкIащ. Абы къыщIыбгъэтынущ гупсысэрэ зэуапсапIэу сиIахэри, гугъапIэрэ пIапIэу сщIауэ щытахэри. СызыхуэщIэну зэхъуэкIыр - адыгэр щIыху нэгъэса щIыныгрт. КъызэхъупIамэ, си насыпщ. Сэ иджырэ сотхэ, упщIэ куэдым я жэуапхэм сольыхьэрэ, ныжьыщIэхэри еш ямыщIэу, я хуэпсэ ваГъуэм иужь ity кIуэну сыхуейт. Дзыьихэт дунейр щIыкIу хуэщI, псынщIэу узэрогъэзт, зэхъщIэхьи узэпльэIэс. Аущ жэрыгъэкIэ кIуэ дунейм умыгъэтыжыну икIи улъэмысыжыну пфIигъэжьIуэдэм ящIыщIи ди пэлъпкъщIхэр, ди анэдэлъбубзэр, ди хабзэр. Ахэр зыхъумэн хуейр, абыхэм яхуэсакъын хуейр щIалэгъуалэращи, дуней хъугъуэфIыгъуэ куэдым ипIэ ахэр зэритыр къагурыIуну сохъуапсэ. Иджырей дунейм и Іэщэр щIэныгъэщи, адыгэбзэмрэ пъэлпкъ тхыдэмрэ Іэщэу зэрахъэу пъэлпкъ гъащIэр къаIэтыфыну, зэтрагIэгъэфынуну сащогугъ, сахуоIыаIэ.

ТабыщI Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

Ди щІыналъэм и зыужьыкІэм теухуауэ

Мазэ къыздэкІам икуэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил. Абы иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ КИФЩІ-м зегъэужьыныр зи кьалэн правительствэ комиссэм щыщхэмрэ щІыналъэм хыхьэ хэгъэгухэм я унафэщІхэмрэ.

ПРЕМЬЕРЫМ жиІащ Урысейм и адрей хэгъэгухэм Кавказ Ищхъэрэр и зыужьыкІэкІэ къаззэрыкІэрыхур, федеральнэ мылъку къратыныж зэрыщыгъуныр, абыхэм ядэІэпыкъун зэрыхуейр, ахъшэ кьалэжьыфыным зытрагъэпсыхьын хуэдэу.

- Бюджетым кьыхэкІыу кьыдІэрыхьэ ахъшэр щІыналъэм и экономикэм зи мылъку кьыхэзыпІхьэфрынуэр кьыззрефшалІэ Іэмалу фиІэн хуейуэ аращ. Псалъэм папщІэ, КъуэкІыпІэ Жыжьэм бюджет ахъшэм щыщ дэтхэнэ зи сомми инвестицэу сом 30 кьыпокІуэ, экономикэ щІыналъэхэам - соми 2,5-рэ, Кавказ Ищхъэрэм - кІэпІейкІэ 50, - жиІащ абы. Мишустиным кьыззрыхиГъэщацІи, укьиГъэпльагъуэр КИФЩІ-м инвестицэ проектхэм гулъытэ зэрыщамыГъуэтырщ.

Правительствэм нэхъапІэуэкІэ зы Іуэхущлапіэу зэхигъэхьожат «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр», Кавказ Ищхъэрэм зиужьныныкІэ корпорацэр (КРСК), «Курорт Эльбрус» АО-р. УФ-м экономикэ зыужьныныГъэмкІэ и министр Решетников Максим мы зэІущІэм къыщыщыпсалъэм жиІащ ищхьэкІэ кьедбжэкІа Іуэхущ1аПІэхэр зэрызэхагъэхьожам сом мелард 1,5-рэ кьыззрыдигъэхуар, КРСК-м и счётым кьинам мы гъэм дыщІагъуари хэлъу сом мелард 15 зэрыхъуар. «Дэ дыхьэзырщ ахэр инвестицэм зедгъэужьныным тедгъэкІуэдэну. Я проектхэм папщІэ инфраструктурэм зи мылъку хэзыльхьахэм зы Іыхьэ гуэрКІэ дакъуэувэжынущ, предприятэм лэжьэн щІидзэмэ», - жиІащ Решетниковым.

Абы кьыхигъэщащ КИФЩІ-м экономикэм и лІэужьыГъуэ куэд щІэуфауэ зэрыщылажьэр. Ахэр утыку кьыпшэжьфын папщІэ Промпаркэр ухуэн зэрыхуейр, инфраструктурэкІэ кьызэгъэпэща, кредитыр нэхъ пуду кьыщат щІыпІэ щыІэмэ, хьэрычэтыщІэм и Іуэхур щІигъэпщкІун щхьэусыгъуэ зэримыІэжьныр жиІащ кьэпсэльам. Министрым КИФЩІ-м хьхьэ хэгъэгухэм я Іэтащхьэхэм яжриІащ Промпаркэр ухуэным яужь ихьэну.

Ди федеральнэ щІыналъэм и экономикэм кьанэ щІымыІэу зезыГъэужьын Іуэхуу къалъытэ туризмэр. Кьапщтэмэ, 2020 гъэм мы бы зыщагъэпсэхуащ цІыху мелуани 2,5-м. Абы и пэм ита илъэсым а бжыгъэр зы мелуанрэ мин 75-м зэрыфІэмыкІам тепщІыхьмэ, ди щІыналъэр зыгъэпсэхупІэу кьыхэзыхэхэм я бжыгъэм кьыхохъуэ.

Мишустиным зэІущІэм щыжиІащ Правительствэм иужьрей илъэсхэм сом мелард 30-м щІигъу зэрыхилъхьар Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэм.

- Иджы хьэрычэтыщІэхэр дегъэхьэхын хуейщ я фейдэ кьыхьэхІыну проект гъэщІэгъуэнхэм. Абыхэм кьэралыр ядэІэпыкъунущ инженер инфраструктурэр кьахуэгъэпэщыным теухуауэ. Езыхэм я кьалэнщ хьэщІэщым деж кьыщыщІэдзауэ зызыГъэпсэхунхэр зыхуеину псори я мылъкукІэ яухуэну, - жиІащ Унафэщ1ым.

Премьер-министрым Тамбукъан гуэлыр щхьэхуэу кьыхигъэщащ икІи гу лъаригъэтащ абы хэлъ ятІэр цІыхум и узыншагъэмкІэ зы ПІамисэбэпагъымэзыкі1ыкъызэрыкІэрымыхур, уеблэмэ зэрефІэкІын зэрыщыІэр. Нэхъыщхьэраци, унафэ щыІэхэщ Федеральнэ медико-биологие агентствэм мы гуэлыр кьызэтегъэнэным и Іуэху зэрихуэну (узэфэ хъун псы кьызэрыхэлъадэм кьыхэкІыу ятІэм и хущхьэгъэуэр игъэкІуэдыныр къэмыгъэхъунращ зи гугъу ящІыр).

Правительствэм ахъшэшхуэ хилъхьэнущ Кисловодск Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрам нэхъыщхьэр зэІузэпэщ ящыным. А лэжьыгъэм жеубыдэ пльэс льагъуэу километритІ, псыкъельэхэр ухуэным, жыг хасэныр, щым щІэлъ коммуникацэр зэрахъуэкІыныр. А псори зэфІэкІмэ, кьалэм кьыхэхъуэнущ сыт и Іэныкьуэкіи зыхуей хуагъэза щы гектарищ.

Мишустиныр тепсэлъыхьащ Кавказым и Минеральнэ псыхэмрэ хы ФІыцІэ Іуфэмрэ зэпызыщІэн гъуэгу яухуэну зэрамурадым. Зи Іуэху зэрахуэр Кисловодск - Сочэ гъуэгурщ, Ставрополь, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм пхьикІыу. Километр 700 кьыхэзбнэкІын хуейщ Кисловодск ущежьэу Сочэ унэсын папщІэ. Автомобиль, мафІэгу транспортым щхьэкІэ яухуэну гъуэгуэр нэхъ кІэщІынущ, гъэзгурыкІуэр зыхуеину псомкІи ар кьызэгъэпэщауэ щытынущ. Абы нэгъабэ щытепсэлъыхьат Сочэ Къэрал Советым и зэІущІэ щекІуэкІыу икІи Президент Путин Владимир УФ-м и Правительствэм пщэрыльэ щиІщат Іуэхум и хэкІыпІэ хъунум егупсысыну.

● ФщІэн папщІэ

ЩІэпхъаджащІэхэм защыфхъумэ

Ди зэманым цІыкІуи ини, жьыи щІэи я Іэпэгъу хъуа жып телефоныр фІы дыдэу къагъэІэрыхуащ щІэпхъаджащІэхэм. Абыхэм я хъым димыхуэн щхьэкІэ тщІэн хуей Іуэхугъуитхум хабзэхъумэхэм дыщагъэгъуазэ.

ЯПЭРАУЭ. ТелефонымкІэ зыгуэр къэпсэлъэнкІэ хъунущ, фи унагъуэм е фи благъэхэм ящыщ Іуэху мыщхьэпэ хэхуауэ, абы кьыхашыжьын щхьэкІэ ахъшэ пыухыкІа етын хуейуэ жаІэу.

ЕтІуанэрауэ. Жып телефоным SMS кьокІуэ, номер кьытридзамкІэ псэльэжьыну кьелъэІуу. Псэльэжмэ, телефоныр зыкъомрэ яГадж, апщІондэхукІэ и ахъшэр ирах.

Ещанэрауэ. ТелефонкІэ «къопсалъэ» радиостанцым и лэжьакІуэ, лотереекІэ саугъэт кьэпхьауэ жиІэу. Ар кьуатыжын папщІэ уи картэм и бжыгъэхэмрэ кодымрэ яжепІэн, кьэпхьам техуэ налогри птын хуейщ. Зыщыбмыгъэгъупщэ фи картэм кьыщІэупщІэм фыкьызэригъапщІэр.

ЕплІанэрауэ. Жып телефонымкІэ зыгуэр къопсалъэ е SMS кьыфІэрохьэ телефоныр нэхъыфІу лэжьэн, фызыхуэмей рекламэ кьэифхуамыгъэкІуэн щхьэкІэ щІэуэ къагупсыса хуэІухуэщІэм фыпащІэфыну жаІэу. Іуэхутхьэбзэр къыпхуащІэн папщІэ уи телефоным иптхэн хуейщ кьыбжаІэну кодыр е хьыбарегъащІэр. Ар птхьху уи ахьшэр щІэпхъаджащІэм деж кьыщІохутэ.

Етхуанэрауэ. «Іуэху кьыскухъуэкІащ, сом 900 кьидзэ уи телефоным кьытридза номерым. ЗэкІэ си деж укъэмыпсалъэ, сэ иужькІэ сынопсэльэжьынщ», кьыбжаІэмэ е SMS къарагъхьмэ, жэуапншэу кьэгъаныэ. Фызыщымыгъуазэ телефон номерымкІэ сыт хуэдэ хьыбар къарагъэхьми псом япэу фызэгупсысын хуейр ар щІэпхъаджащІэхэм я зы Іэмалу зэрыщытырщ.

● Жэрдэм

НэгъуэщІу къагурыІуэнукъым

Куэдрэ долъагъу автомобилым и щхьэгъубжэр ирагъэжэхрэ зыхуэмейр къыдадэу е машинэр къагъэувыІэрэ кІэрыхуфкьэрыхур зэрылъ пакетыр кърагъэувыкІыу. Уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъуэкьым гъуэгубгъуэм я тепльэр зыхуэдэнур абы теухуа хабзэр ямыгъэткІийм.

АРАЩ Москва кьалэ думэмрэ Москва областым и думэмрэ УФ-м и Правительствэм зыщІыхуагъэзар, гъуэгубгъуэхэр зыуцІэпхэм ирагъэпшын кьуэдым хагъэхьэну щІэлъэІуу.

Гъуэгубгъуэхэр пхъэнкІий идзыпІэ тщІы хъунукъым - аращ депутатхэм зытращІыхьыр.

Жэрдэмыр зейхэм зэрагъэбелджьащи, машинэ псынщІэм исым кІэрыхуфкьэрыхур абы хуэмыха щІыпІэм щигъэзІыпльауэ, щридзауэ камерэм кьиубыдмэ, сом мини 10-кІэ етхьэкъунущ, хьэльэзешэ машинэм исым - сом мини 100-кІэ. Кьытригъэззэку а щІэпхъаджагъэр зыщІэм сом мин 20, мини 150-рэ ирагъэпшынынущ (зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу).

Хабзэм и проектыр зыгъэхьэзырахэм зэтхьэкъуэм хуейхэм хагъэхьащ зи пщІантІэм е дачэм кьыдиха кІэрыхуфкьэрыхур псыхуэм е мэз лъапэм щыхьфІэзыдзэхэри.

Правительствэр арэзы техуащ мы проектым, абы кьикІраци, куэд дэмыкІыу хабзэм кьару игъэзытынущ. Апхуэмыдэуи языныкъуэхэм кьапхугурыГъэІуэну я кьыщІэкІынукъым ди узыншагъэр зыхуэдэнур куэдкІэ зэлъытэ щІыуэпсым уегуауэ зэрымыкъунур. Цыхьэхуэу утепсэлъыхьынуи лейщ ди нэм дахагъ щилъагъукІэ ди псэм зэрызигъэпсэхум.

● Узыншагъэ

Уз зэрыщІалэр зыщІэкІахэр къызэращытэну щІыкІэр

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 1-м, къыщыщІэдзауэ ди къэралым лэжьыгъэшхуэ щаублэ коронавирусыр зэузахэм я узыншагъэр зыхуэдэр къапщытэныи теухуауэ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, мы узыфэр лъужьынышэкъым. Абы кьегъэхьей тхьэмбыл, тхьэмбыл кьуэпс, гулъынтхуэ узэкІ, тромбозыр. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, а узэкІ цІыхум кьыхуэхуэкІынкІэ хъунущ коронавирусыр тыншу щІэкІами.

Кьапщытэнухэм хохьэ пхыр кислородкІэ зэрыгъэнщІар; тхьэмбылым и МРТ-р; лъым и биохимие анализыр; дакъикьихкІэ кьрагъэкІуэхьа нэужь, и гур зэрылажьэм зэреплъынур; эхокардиографие, ко-агулограммэ кьэхутэныгъэхэр зэфІагъэкІынущ, тромбозым е гу узым епхауэ ущІэгузэвэн щыІэмэ зэхагъэкІын мурадкІэ.

Мы анализхэм ягу иримыхь кьыхэкІмэ, цІыхум и узыншагъэр нэхъ кьууэ кьапщытэнущ, кьеІэзэнущ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Инджылызым лІэщІыгъуэ зыбжанэ ипэкІэ кьиубыдауэ щыта щІыналъэхэм хэрашыр здрашалІэ кхъухь тедзапІэ, кхъухь щыжьипІэ дахэ дэтащ Ливерпуль кьалэм. Нэхъ тэмэму жьипІэмэ, ар зыщІыпІи кІуакьым, ауэ тхыдэм хьыха кьалэ хьэблэм и теплъэр яхъэжьну, унэщІэхэр щаухуэну кьалэ унафэщІхэм мурад зэращІар ЮНЕСКО-м игу ирихьакьым, ар дунейпсо щІэину кьилъытахэм ящыщщи. Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ.

МЫ КЪАЛЭР епщыкІуиянэ, епщыкІубГъуанэ лІэщІыгъуэхэм сату щІапІэ нэхъ ин дыдэу щыІахэм ящщ. Абы и фІыгъэщ зи гугъу тщІа лІэщІыгъуэхэм архитектурэ бея-гъыу щыІам и фІыпІэр кьиГъэсэбэпыну, унэ, Іуэхущ1апІэ дахэхэр ихуэну мы кьалэм Іэмал зэрилар. Иджы а псор блэкІа зэманым и фэеплъ хъуащи, ЮНЕСКО-м зэрыщыт дыдэм хуэдэу ихьумэну хуейщ. Арщхьэкіэ кьалэ унафэщІхэм кьалъытэ ди зэманым ижь а щІыпІэм щІегъэхун, ухуэныгъэщІэхэр, абы цІыху мин 52-рэ зэрыхуэн стадионри хэту, щегъэкІуэкІын хуейуэ. Я мурадым ёрыщІагъ халъхьэмэ, ЮНЕСКО-м Ливерпулыр хитхьыкІыжьынущ цІыхуцІэ зиІэм я щІэинхэм.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Фыхэдэ

Сыт абы ухэтыным кьыпхуихьыр? Япэрауэ, уи щІыналъэм и щІэр егъэІу, цІыху кІуапІэ ещІ. ЕтІуанэрауэ, щІэину кьалъытар тэмэму зепхьэным теухуауэ зыкъыпщІегъакъуэ, Дунейпсо щІэиным и фондым кьыхэкІыу ахъшэ кьует. Аращи, кьалэ унафэщІхэр зэгупсысын яІэщ. Ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыжьнунмкІэ, кьалэ кьулейр щыгугъыщІэркъым зи гугъу тщІа фондым. ЕпщыкІутІанэ лІэщІыгъуэм кьыщІежьэ тхыдэ зиІэ кьалэр туристхэм ябгынэныи кьыщІэкІынукъым.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Жэщ-махуэ имыІэу захуэвгъазэ хъунущ

КъэхъуакъащІэхэм теухуа хъыбархэр, ар щалэжьа щІыпІэмрэ зэманымрэ, хэфщІыкІыр зыхуэдизым емылъытауэ, жэщ-махуэ имыІэу къыщІыІах дэтхэнэ къэрал кІуэцІ органми.

ХЪЫБАРХЭР къэрал кІуэцІ Іуэхуэкмкіэ органхэм кьаІэрыхьэ хъунущ ар кьызыбгъащІэкІым и Іэкіэ кьиухуу, поощткІэ, телефонкІэ, телеграфкІэ, факскІэ е нэгъуэщІ зэпыщІэныгъэкІэ. Ялэжьа щІэпхъаджагъэхэм, кьэхъукьащІэхэм теухуауэ зыкъызэрыхуагъазэхэр жэщ-махуэ имыІэу кьыщыІах Урысей МВД-м и управленэу Налышк кьалэ щыІэм и плъыр частхэм. ХащІапІэхэр: Байсултановым и уэрам 11 «а», Полицэм и кьудамэ №1, Нэгумэм и уэрам 47, Полицэм и кьудамэ №2, Къэбэрдей уэрам 193 «а».

ЦІыхухэм хуитыныгъэ яІэщ ОВД-м и лэжьакІуэхэм хабзэм ебакъуэу зыкъагъэльагъуэмэ КъБР-м щыІэ МВД-м тхьэусыхэну, апхуэдэуи «Урысей МВД-м и линэ пщІым» системэм хьихь «дзыхь зрагъэз» **8(8662) 49-50-62** телефонымкІэ псэльэну.

Урысей МВД-м и управленэу Налышк кьалэ щыІэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и кьудамэм зэфІегъэкІ Іэпапіэр трахын къэрал Іуэхутхьэбзэр.

Хэщ1апІэр: Налышк кьалэ, Калининым и уэрам 260 «а», илэкІэ зебгъэтх хъунущ мы телефонымкІэ: **8(8662) 93-00-69**.

Апхуэдэуи Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ кьудамэм зэфІех кьыкІэлъыкІуэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр:

- Урысей Федерацэм и паспортхэр етыныжр (хъуэжьн) учётым гъэувынымрэ,
- щыпсэу щыпІэмрэ здэщыІэ щыпІэмрэ щатхынр,
- щыпсэу щыпІэмрэ здэщыІэ щыпІэмрэ учётым кьыщрахыжьныр.

ИпэкІэ зебгъэтх хъунущ мы телефонымкІэ: **8(8662) 93-00-69**

Кьэрал Іуэхутхьэбзэхэр зыІэрагъэхьан папщІэ щыхуэм лъэІукІэ зыхуагъазэ хъунущ Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ кьудамэм, МФЦ-м, апхуэдэуи лъэІур электроннэу ирагъэхь хъунущ кьэрал Іуэхутхьэбзэ порталым и сайтым www.gosuslugi.ru.

Урысей МВД-м и управленэу Налышк кьалэ щыІэм гу лъыбегъатэ, коронавирус уз зэрыщІалэм зэрызиубгъуэм кьыхэкІыу цІыхухэм я лъІур электроннэу ирагъэхьмэ зэрынэхьыфІым кьэрал Іуэхутхьэбзэ порталым и сайтым www.gosuslugi.ru.

УАРДЭ Жантинэ.

● Хъуэхъу

Уи гугъэмрэ гъащІэмрэ зэтехуэху упсэуну!

Налышк кьалэм дэс Къурашэ Юрэ Щыхьэрбий и къуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 60 ирикъуащи, ди гуапэу дохъуэхъу.

Юрэ Аушыджэр къуажэм кьыщалъхуащ, кьыщыхъуащ. Адыгэ хабзэм, нэмысым щІапІыкІа щІалэм езым и унагъуэ ихуэжьын мурад щищІым ахэращ тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ ищІар.

Унагъуэ дахэм я нэхъыжь, бынищым я адэ, пхъурылъхуитхум я адэшхуэ Юрэ дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иІэу, и пщІэр лъагэу, и гугъэмрэ гъащІэмрэ зэтехуэху и унагъуэ дахэм ящхьэщыщ, и щІэблэм я гуфІэгъуэ куэд ильагъуну!

Щоджэнхэ я унагъуэр.

● Атлетикэ псынщІэ

Ди Іэрылъхьэщ медаль лІэужьыгъуэ псори

Олимп джэгуэхэм ялэ къихуэ Урысей Федерацэм атлетикэ псынщІэмкІэ и чемпионат иджыблагъэ Чебоксары къэкІуэжьа щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэхэр абы кьыщыкІэжаныкІащ.

ПРОХЛАДНЭ кьыщалъхуа икІи кьыщыхъуа Акименкэ Михаил кьыщыпІэлъащэ щыхьэкІакъым лъагэу дэлъеиныжмкІэ зэпеуэхэм. Метри 2-рэ сантиметр 33-рэ кьыззринэкІри, абы дыщэ медаль кьиухащ.

Ялэ увыпІэм нэсыным зы мащІэ дыдэт кьыхуэнэжар Добренький Александр. Абы и дискыр метр 61-рэ сантиметри 3-кІэ идзащ. Арщхьэкіэ нэхъ лъэщыжи кьыкъуэкІри, дыжьын медалымкІэ арэзы хъун хуей хъуащ.

Иджыри зы дамыгъэ лъапІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуихащ Орлов Николай. Метр 78-рэ сантиметр 91-кІэ бжыр идзри, абы домбеякъ медалыр зыІэригъэхьащ.

Нэхъ пасэу фэбжь зэригъэтам кьыхэкІыу Чебоксары щекІуэкІа Урысей Федерацэм и чемпионатым хэтыфакъым лъагэу дэлъеиныжмкІэ щэнёрэ дуней псом щыІтекІуа Ласицкене (Кучинэ) Марие. Абы щхьэкІэ кьэмынэу, Акименкэ Михаил дэщІигъуу, ар хагъэхьащ мыгувэу Токио щыІэну Олимп джэгуэхэм ягъэкІуэнухэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щэнхабзэ

«Эдит Пиаф» сыт хуэдэ зэманми йокІу

Налышк дэт Музыкэ театрым иджыблагъэ щекІуэкІащ Легентов Виктор и пьесэм къытращыкІа «Эдит Пиаф» спектакль гъэщІэгъэныным и премьерэ. Ар зыгъэувар КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Сафаровэ Тамарэщ.

ЗАНЩІЭУ кьыхэгъэщыпхъэщ спектаклым елъэныу цІыху куэд кьыззрекІуэлІар.

Пльхьэныр нэхъыщхьэм и ролыр зыгъэззщІар Музыкэ театрым и солист Думай Іэсиятщ. Уэрэдибгъуэм нэблагъэ франджыбзэкІэ игъэІуащ а зыхьжьбзым. Ахэр зэратхрэ зэманышхуэ дэкІами, нобэми цІыхухэм ящІэрІу зэредаІуэр, дунейпсо макъамэм и тхыдэм езым я увыпІэ зэрыщиубыдар кьыхэгъэщыпхъэщ.

Пьесэр щигъэувым Сафаровэ Тамарэ Іэмал зэриІэкІэ нэхъ щІэщыгъуэ зэрищІыным иужь итащ, уеблэмэ, и жанркІэ ар мюзиклым нэхъ пэгъунэгъуу хъуауэ жыпІэ хъунущ. Журналистхэм абы ярита интервьюхэм ящыщыжеІэ театрым щІалэгъуалэр къришэлІэну зэрыщІэхъуэпсыр икІи и лэжьыгъэм щхьэхуэныгъэ гуэрхэр зэрыхилъхьэр.

Спектаклым гуимыхуж ролхэр щагъэззщІащ Музыкэ театрым и артистхэу Іэпщэ Алим, Абей Рустам, Еуаз Азэмэт, Белоцерковская Динэ, Гергокаевэ Хьэлимэт, Холамханов Кьайсин, Кьардэн Радик сымэ, нэгъуэщІхэми.

Щэбэтыкъуэ Натбий и балет гупым щыщ цІыху щхьэхуэхэри хэтащ спектаклым. Кьафэхэр зыгъэувар КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Хьэкъуал Анжеликэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

УнафэщІ-редактор
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1ныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налышк кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныжмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныжмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БесэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатІимэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.777 ● Заказ №1426